# Мэз Каринэ и ехъулІыгъэм дрогушхуэ!

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№106 (22.014) ● 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ ● И уасэр сомі 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Репортаж

«Минводы» аэропортым късэжащ пщащэ хахуэ Мэз Каринэ. Абы япэу Іущахэр и адэ-анэрщ - Юрэрэ Нинэрэ.

## Къалэнхэр зэрагъэзэщІар къапщытэ

**Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ республикэм и Президентым деж щыІэ Советым хэтхэм я зэІущІэ. Ар иригъэкІуэкІащ Къанокъуэ Арсен. Зэхыхьэр теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и демографие щытыкІэм, щыпащэм льэныкъо проектхэр зэрыщагъэзэщІэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Президент **Къанокъуэ Арсен** кІэщІу тепсэльыхьащ нужьрей зэманым республикэм и демографие щытыкІэр зэрефІакІуэм, республикэм и муниципальныІ щІыналъэ псори инвестиц зэрыгъэзэщІащ гъэзэщІэным жыдэжру хэтын зэрыхуейм, нэгъуэщІхэми.

2010 гъэм республикэм «ЕгъэджэныгъэІ» лъэпкъ проектыр зэрыщагъэзэщІа щІыкІэм ЗмкІІ и министрым и къалэнхэр ПалъэкІэ зыгъэзащІэ **ЩІхьэпсо Сэфарбий** жиІам къызэрыхэщамкІэ, нэгъабэ проектэ 6 ягъэзэщащ. Апхуэдэ сабий ныкъэдыкъуэхэр зэрырагъаджэ дистанционнэ Іэмалым республикэм нэхъри зыщегъэжьныным, егъэджакІуэ нэхъыфІхэр гъэпэжным, щалэгъуэгъуэ зэчиифІхэм къэралыр зэрыдэІэпыкъум теухуахэр, зэрыгъэщІхэри. Щхьэгъэпсорщхьэхуэрэ тепсэльыхьащ «ЕгъэджэныгъэІ программэхэр республикэм щызыгъэзащІэ егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэм крикІуам.

ЗэІущІэм кІыщыпсэльащ КъБР-м узынщагъэмкІІ, ухуэныгъэм, архитектурэмрэ псэупІэ-коммунальнэ ІуэхутхьебзэхэмкІ и министрхэу **Амщокъуэ ФатІимэ, Култыгрбей Хьэчим,** республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыбпхьэхэмкІэ и министрым и къуэдэу **Къаздохъуэ Альберт сымэ** .

ЗэІущІэм и дзэкъагъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Гертер Иван,** КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар,** федеральнэ инспектор **Канунников Владимир.**

Зэхыхьэм кьащаІэта Іуэхуэгъуэхэм теухуа гъэпсыкІэ ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ кьыдэкІыгъуэхэм яцыпщІ эм пымыщІа, мамыру псэу цІыхуэхэм я унэхэм кхъухьльатэкІэ егупсысауэ зэреуар, Каддафи абы зыщигъэпщкІункІэ зэрыхьунэр я тегъэщІапІуэ. Сыт хуэдиз цІыху дажьэ ямыІэу хэкІуэдэкІуэм НАТО-м и зауэлІхэм кьафІэІуэхуакъым. Мис аращ щІэпхьаджагъэ хьужри.

Брюссель щыІэ судым искыр щІилъхьащ Аиша и уэчыл Брюссоле Люк. ЗэкІэ абы жэуап гуэр кратыжакъым.

**Хэт ягъэкъуэншэнур?**

**РИА НОВОСТИ хьыбарегъащІэ ІэнатІэм кьыгъэригъмкІэ, Ливием и унафэщІ Каддафи Муамар ипхуэ Аиша ирэзмахуэ искъэр щІилъхьащ Парижрэ Брюсселрэ я суд Іуэхущ1ап1эм.**

Абы НАТО-р егъэкъуэншэ - я авиацэр Триполи бомбэкІэ зэреуар зауэ щІэпхьаджагъэ жеІэ. А Іуэхум и щыхьэту кьегъуэв Каддафи Муамар и кьуэмрэ и кьэурылъху-пхъурылъхуэмрэ зэрыхэкІуэдар.

Ар кьыщыхьуар накьыгъэ и 1-рауэ, НАТО-м и кхъухьлъатэхэр бомбэкІэ Триполи еуа нэужь, хэкІуэдащ илъэс 29-рэ зи ныбжь, Каддафи и кьуэлбым ящыщ зы - Саиф аль-Араб. Абы и гъусащ мазиплІ фІэкІа зи мыныбжь Мастурэ, илъэситі зи ныбжь Саиф, илъэсищ иримыкьуа Картагъ. Апхуэдэ щыкІэкІэ, Аиша зэуэ фІэкІуэдащ и кьуэр, и дэльхур, и дэльхум и бынитІыр. Судхэм щІилъха тхыгъэм Аиша кьыщыхегъащ зауэ Іуэхуэхэм ящыщІэ, мамыру псэу цІыхуэхэм я унэхэм кхъухьльатэкІэ егупсысауэ зэреуар, Каддафи абы зыщигъэпщкІункІэ зэрыхьунэр я тегъэщІапІуэ. Сыт хуэдиз цІыху дажьэ ямыІэу хэкІуэдэкІуэм НАТО-м и зауэлІхэм кьафІэІуэхуакъым. Мис аращ щІэпхьаджагъэ хьужри.

Брюссель щыІэ судым искыр щІилъхьащ Аиша и уэчыл Брюссоле Люк. ЗэкІэ абы жэуап гуэр кратыжакъым.

**Властым и кьарур**

**ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ ІэнатІэм кьыгъэригъмкІэ, Колумбием и ящІэ-кьэжьыщІэ льэныкъуэмкІэ щыІэ Кауэ къэскъуанетым и полицей Іуэхущ1ап1эм дыгъуасэ щыкъэ-зыІуэта гуэхэр, зекъэ-хьуэмэ 4 хэкІуэдащ, 16 уІэгъэ хьащ. А гупхэр хохьэ Колумбием и ІэщкІэ зэщІэуэгъэ Революцэ кьарухэм (РВСК). Абы и партизанхэм грандэхэр куэду щІадзащ полицей участкэм.**

Дуней щытыкІэр зэрымыщІагъуэм кьыхэкІыу, уЗэгъэ полицейхэр вертолеткІэ яхуэгъэІэпхъуакъым, абыхэм кьадэІэпыкъуну гупхэри псынщІэу кьахуэгъэсакъым. Партизанхэр мэзым щыкьыхьэжым, зэхэуэ гуащІэхэр ящІэ фІэкІуэдащ и кьуэр, и дэльхур, и дэльхум и бынитІыр. Судхэм щІилъха тхыгъэм Аиша кьыщыхегъащ зауэ Іуэхуэхэм ящыщІэ, мамыру псэу цІыхуэхэм я унэхэм кхъухьльатэкІэ егупсысауэ зэреуар, Каддафи абы зыщигъэпщкІункІэ зэрыхьунэр я тегъэщІапІуэ. Сыт хуэдиз цІыху дажьэ ямыІэу хэкІуэдэкІуэм НАТО-м и зауэлІхэм кьафІэІуэхуакъым. Мис аращ щІэпхьаджагъэ хьужри.

Брюссель щыІэ судым искыр щІилъхьащ Аиша и уэчыл Брюссоле Люк. ЗэкІэ абы жэуап гуэр кратыжакъым.

**Абыи щыхохьуэ**

**РИА НОВОСТИ хьыбарегъащІэ ІэнатІэм кьыгъэригъмкІэ, щІыналъэхьыбэ щхьэмкІэ ещанэ увыпІэр зыныкъэ-кьэралым - Хьэрыи Эмират Зэгуэтхэм - и АЗС-хэм дагъэгъэсыныпхъэ яхурикъуакъым.**

Псальэм папщІэ, дыгъуасэ бензинышхуэ кьэнащ правительствэм Дубаи щигъэлажьэ гъэсыныпхъэ игъэхьуапІэ псори.

Япэу лэжьэн щызыгъэтар Шарджэ щыІэ бензоколонкэхэращ. Тхьэмахуэ хьуауэ автомобилхэр чэзуэу щызэхэтщ бензин игъэхьуапІэхэм я деж. Кризисым кьызэщІиубыдащ Дубаи, Аджман, Рас-эль-Хайм я кьалэхэр. ИгъэхьуапІэхэм я лэжьакІуэхэр Іуэхур зыІутым тэмму щыгъуазэкъым.

Апхуэдэр нужьрей мази 10-м кьриубыдэу а къралым ещанэ кьыщохъу. Эмиратхэм я правительствэм етын щигъэтащ отраслым гъэ кьэс субсидиеу хуиутІыпщу щыта доллар мелуанищ бжыгъэхэр. Абы кьыхэкІыу, мы гъэм зэрыщІидзэрэ гъэсныпхъэм и уасэр хэхъуащ процент 25-кІэ. Ар иджырэ хэхъуэну кьыщІэкІынт, ауэ КъуэкІыпІ Гъэмэфэгъэ щекІуэкІ къаугъэхэм щыщІидзэм, правительствэм гъэсныпхъэмэ ерыскъыхэкІи я уасэм хагъахьуэну хуит зымыщІ унафэ кьыщІэщащ.

## Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 9,** *махуэку*

♦1672 гъэм кьадэхуащ япэ урыс пащтыкъ Петр I. 1725 гъэм дунейм екІуащ.

♦1883 гъэм Москва Тхыдэм и музей кьыщызэІуахащ.

♦Мэкъуауэгъуэм и 9 - 10-хэм муслымэнхэм Рагаиб жащыр щІэныгъэ Іэ - Мухьэмэд бе-гъымбарым и адэ-анэм я нэчыхьыр щатхаращ.

♦Мэкъуауэгъуэм и 9 - 10-хэм Новгород Ипщэ щызэхэтыну «Урысей-Евросоюз» самит.

♦Брюссель (Бельгие) щекІуэкІынуц Урысей-НАТО Совет-тым и зэІущІэ.

♦1935 гъэм Іуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу гупышхуэ дэкІащ.

**Дунейм и щытыкІэнур:** «meteonovosti.ru» сайтым кьызэриритымкІэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текІуэу щытынущ, хуабэу махуэм градус 26-рэ, жэщым - градус 16 щыІэнущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 10,** *мэрем*

♦Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1936) «Союзмультфильм» киностудиер кьызэІуахащ.

♦Мэкъуауэгъуэм и 10 - 19-хэм Софие (Болгарие) щекІуэкІынущ дунейпсо мотто-шоурэ боксымкІэ Европэм и чемпионатрэ.

♦1774 гъэм Урысеймрэ Тыркумрэ зэращІыпІащ Кючук-Кайнарджи мамыр зэгуэныгъэхэр. Абы ипкъ иткІэ Къэбэрдейр Урысейм и зы Іыхьэу кьалытащ.

♦1955 гъэм Тырныауэрэ Докшукинрэ кьыдэ ящІащ. Докшукинэ иджы НарткъалэкІэ йоджэ.

**Дунейм и щытыкІэнур:** «meteonovosti.ru» сайтым кьызэриритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щытынущ, хуабэу махуэм градус 26-рэ, жэщым - градус 16 щыІэнущ.

*ПІалинэтэр зыгъэхьэзырыр* **ГЪУЩІО** *Зарифи.*

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

## Пэжым и псалъэр хабзэм и щІасэщ.

«Къеблэгъэж, си адыгэ шыпхъу!» - жеІэ Ольмезов Абдул-Хьэлим.

## Іуащхьэмахуэрэ Джомолунгмэрэ зэпызыщІа адыгэ пщащэр Налшык къыщрагъэблэгъэж

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм, адыгэ льэпкъым я дежкІэ гуфІэгъуэшхуэт дыгъуасэ екІуэжа Іуэху дахэр. Непал къэралыгъуэм кьикІ кхъухьльатэм ису къэкІуэжырт ди льэпкъэгъу псоми я пщІэр зыІэта, дунейм и бгы нэхъ льагэ дыдэм дэкІыу абы адыгэ ныпыр щыхэзытІа Мэз Каринэ.

Абы Минеральные Воды аэропортым щыІущІэну кІуат КъБР-м спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министр **АфІэунэ Аслъэн**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ вице-президент Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, спор т, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, студентхэр, хьэрычъ-тыщІэхэр, ІэнатІэ зэхуэмыдэхэм пэрытхэр. Апхуэдэ гуп дахэм хэтхэм я льэр жан дэхьурт щІыхухьу куэдым ямыІэ льэкІыныгъэ кьыІэкъуэзыхэ Бурткоку Бесльэн и ныІэ щІэту щІалэгъуалэм зэхаша джэгум хуэдэ кхъухьльатэпІэм зэи щекІуэкІауэ кьыщІэкынтэкъым.

А псори зыпэплъэ кхъухьльатэр и чэзум кьэтІысащ. Іуащхьэмахуэ и щыгум 100-м щІигъуэрэ нхьа, Непал нэс кІуэ гъуэгуанэ кІыхьыр зэпызыча, метр 8.848-рэ кьызэринэкІыу Эверест и щыгум дэкІа, Лашын хуагъэда хьэщхэбзэр кьызэрыгуэкІ пщащэ щыкІапфІэт, Іэдэб, теплъэ зэкІуж зиІэ тхьэхуэгъэ. Зи гур хэкъуэ и адэ-анэм - Мэз Юрэрэ Лёонтьевэ Нинэрэ - зэрахуэзэшари имыбзыщу гуапэу Іэплъ яришэкІа нэужь, Каринэ кьрагъэблэгъащ ди льэпкъ бзаракьыр щыхуарэз, адыгэ пщыІэр щыбзэрабзэ, щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ щеувэкІа утыкум. Ижь-ижьыж льандэрэ льэпкъ хабзэу кьекІуэкІыр батырыбжьэр лІыгъэ зэзыхьа цыхухъуэм ирату арами, мы зэм абы ебакьуэри, махьсымэ фальэр Іэщ1агъэуващ хахуагъэ кьэзыгъльэгъуэ пщащэ цІыкІум. Каринэ, абы и Іуп1эр хищІэри, ар иритыжащ гупым я нэхъыжь Хьэфыщ1э Мухьэмэд. Льэпкъым и Іульджэр, республикэм и пщІэр зэриІэтар кьыхигъащІу Мухьэмэд пщащэм ехьуэхьуащ икІи удз гъэгъа Іэрамэ Іэщ1ильхьащ. Абы и ужькІэ Каринэ псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ пежьа и ныбжьэгъуэхэм, блатьэхэм, Іыхьльхэм, и ехьулІэныгъэм иригушхуэу КъШР-м кьикІа, а республикэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Шэрджэс Мухьэмэд зи нэхъыжь гупым, Эверест дэкІуеи Ольмезов Абдул-Хьэлим, Абхъазым щыІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт щІалэхэм, кьалэхэм, ранонхэм я льикІуэхэм. Кьэпсэльа псоми кьыхаъэщащ пщащэм пщІэшу зэрыхуащІыр. Абыхэм яхуэгъэпщкІурэ зэхуэмыдэхэм ящыщІэ Эверест и щыгум ипльа адыгэ пщащэ Мэз Каринэрэ. ГуфІэгъуэр, гуэхуэрэ Каринэ и зэфІэкІым кьыхуихьар, ар и нэгум кьищ зэпытт абы и е хьулІэныгъэм щэхуу щІэхъуэпс щІалэ гупым кьаувыкьауэ зэхыджэбзым щыпкъэрыупщІыхьым.

(КІэухыр 6-нэ нап.).

## Ди щІэджыкІакІуэ льапІэхэ!

**Фигу къыдогъэкІыж 2011 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.**

**Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлпейкІи 10-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Іэщытвдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.**

**Ди индексыр 51531**

## Дуней и щытыкІэм и ренэгъэкІуэм

**Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр**

АБХАЗ. *Республикэм и парламентым игъэблэджлащ зи мычэзу президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІыну махуэр. Ар тригъэхуащ Абхъазыр къэралыгъуэ щхьэхуиту Урысеим къыщилъытэ щыщхьэІуэм и 26-м.*

АБХЪАЗЫМ и президент хэхыныгъэхэр къэсыху республикэм и унафэщІ къалэнхэр игъэзэщІэнущ вице-президент Анквад Александр.

**Афияным топсэлъыхь**

АДЫГЕЙ *Республикэм и Правительствэм и унафэщІ КІуэмпІыл Мурат иригъэкІуэкІащ афияным епха щІэпхъаджагъэм пэщІэтыным хуэунэтІауэ и ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм кърикІуахэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ.*

АБЫ къызэрыщыхагъэщащи, мы гъэм и япэ мазищым афиянэкІэхэр зэзыхьэлІэу цІыху 2268-рэ республикэм щатхащ. Нэгъабэ елытауэ афиянафэхэр процент 2-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

КІуэмпІыл Мурат район муниципалитетхэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэм ткІийуэ яжриІащ афияным дишэхьинкІэ хъуну гупым хиубыдэ щІалэгъуалэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэр щІагъэхуэбжьыну.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

«Ислъэмэйр» ягъэзащІэ Эверест и щыгум нэса Мэз Каринэрэ Килиманджарэ дэкІа Жэман Ахьмэдрэ.

*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

## «Адыгэ псалъэр» къыфІэІэрыхьэну фыхуеймэ

**Ди щІэджыкІакІуэ льапІэхэ!**

**Фигу къыдогъэкІыж 2011 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.**

**Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлпейкІи 10-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Іэщытвдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.**

**Ди индексыр 51531**

# Тыншыгъуэм тращІыхь

*(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)*

Хъэрычэтыщ!э ІэнатІэ цыкІухэмрэ курытэмрэ зегъэужьыныр куейм и экономикэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Нобэ районым щыІэщ предприятэ мыинр 90-рэ щхьэзакъуэрыплажьэу 1065-рэ. Налогхэмрэ абыхэм щымыщхэмрэ къапэкІуэу щІыпІэ бюджетым халъхьэм и процент 55-м щІигъэр а Іуэхущапхъэм хуоз. Хъэрычэтыщ!э ІэнатІэ цыкІыщ!эхэм курытхэмрэ и щІэгъэкъуэн муниципальнэ Фондым нэгъабэ мэкъумэщыщ!эхэм яритащ сом мелуани 9,7-рэ и уасэ заемму 36-рэ. Лэжьапхъэншэхэм я бжыгъэр ягъэмэщІэн мурадкІэ, зи Іуэху зыубгъу хуейхэм ядоІэпыкъу, апхуэдэ гупыжь зыщІа 92-м я бизнес-планхэм хэпльэри, арэзы техъуащ.

- Мылькум и къыхэкІыпІэ псоми я хьэкъкІэ инвестицу сом зы мелардрэ мелуан 300-рэ зэщІэдзэуІуащ. Инвестицэ проект зэмылІэужьыгъуэхэр зыгъэзащІэ Іуэхущапхъэм зы мелардрэ мелуан 200-р къагъэсэбэнащ, Іэнатіэщ!эу 93-рэ кьыззэрагъэпэщащ. Проект кІэух инхэр зейхэм ящыщщ «Белес-Агро», «Капитал-Инвестиц» къабардащхьэ ООО-хэр, Петровхэ я цІэр зезыхьэ к олхозыр, «Бахъсэн Бройлер» ОАО-р, «Іэдэмокъуэ» фермер-мэкъумэщыщІэ хозяйствэр, нэгъуэщІхэри. Мы зэманым ди районым щагъэзащІэ инвестицэ проектхэмрэ ящІыну я мурадхэмрэ 20 мэхъу. Псорн зэхэту ахэр сом мелард 15,8-рэ я уасэщ. Абыхэм я фыгъэкІэ цыхуу 1308-м лэжьыгъэ ягъуэтынущ, - кьыхигъэщащ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ. - Районым и бюджет зэхэтым нэгъабэ хэхъуэу сом мелуан 535,8-рэ я къыІэрыхьащ. Дэ езым ди хэхъуэхэр мелуани 157,9-м нэсащ. Ар 2009 гъэм зэрыщытам процент 40,4-кІэ щІегъу. Хэщ!эжмкІэ кьыптпэщІагар процент 101,2-кІэ дгъэззэщІащ.

Кьэнсэхъэм зэрыжиІамкІэ, егъэджэныгъэм, узышащъэр хъуэмыкІ, щэнхабзэм я ІэнатІэ хэм Іэщ!агъэлІхэр кьэмэщІэкІ, хуэфащэ зэфІэкІ зыбгъэдэпъ муниципальнэ кьулыкъущІэ хэр тэмэму ягъуэтыркъым, улахуэр зэрымащІэм лъэпощхьэпІэр кьсІащ.

Куейм щагъэзащІэ 2009 - 2011 гъэхэм еджапІэ хэм Іэщ!агъэлІ щІалэхэр ешэлІэным техуэ муниципальнэ программэр. Нэгъабэ и щІышылэ мазэ льандзэрэ кьуажэ школхэм щылажьэу 100-м щІигъэр я гъуэгущІэхэр хуат. Районым и курыт еджапІэ 19-м компьютер 495-рэ яІэщ, сабий 18 кьэс зы яІэос. Ауэ компьютерхэм я процент 42-м я пІалъэр икІащІи, яхъуэжьи хуейщ. Апхуэдэу зэрыщащІэ «Белес-Агро», «Капитал-Инвестиц» къабардащхьэ ООО-хэр, Петровхэ я цІэр зезыхьэ к олхозыр, «Бахъсэн Бройлер» ОАО-р, «Іэдэмокъуэ» фермер-мэкъумэщыщІэ хозяйствэр, нэгъуэщІхэри. Мы зэманым ди районым щагъэзащІэ инвестицэ проектхэмрэ ящІыну я мурадхэмрэ 20 мэхъу. Псорн зэхэту ахэр сом мелард 15,8-рэ я уасэщ. Абыхэм я фыгъэкІэ цыхуу 1308-м лэжьыгъэ ягъуэтынущ, - кьыхигъэщащ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ. - Районым и бюджет зэхэтым нэгъабэ хэхъуэу сом мелуан 535,8-рэ я къыІэрыхьащ. Дэ езым ди хэхъуэхэр мелуани 157,9-м нэсащ. Ар 2009 гъэм зэрыщытам процент 40,4-кІэ щІегъу. Хэщ!эжмкІэ кьыптпэщІагар процент 101,2-кІэ дгъэззэщІащ.

Кьэнсэхъэм зэрыжиІамкІэ, егъэджэныгъэм, узышащъэр хъуэмыкІ, щэнхабзэм я ІэнатІэ хэм Іэщ!агъэлІхэр кьэмэщІэкІ, хуэфащэ зэфІэкІ зыбгъэдэпъ муниципальнэ кьулыкъущІэ хэр тэмэму ягъуэтыркъым, улахуэр зэрымащІэм лъэпощхьэпІэр кьсІащ.

Куейм щагъэзащІэ 2009 - 2011 гъэхэм еджапІэ хэм Іэщ!агъэлІ щІалэхэр ешэлІэным техуэ муниципальнэ программэр. Нэгъабэ и щІышылэ мазэ льандзэрэ кьуажэ школхэм щылажьэу 100-м щІигъэр я гъуэгущІэхэр хуат. Районым и курыт еджапІэ 19-м компьютер 495-рэ яІэщ, сабий 18 кьэс зы яІэос. Ауэ компьютерхэм я процент 42-м я пІалъэр икІащІи, яхъуэжьи хуейщ. Апхуэдэу зэрыщащІэ Іэмэпсымэ зэрахъэжьыныр, электрокъарум кьыдэзыгъахъэм хуэдэхэр зэрыгъэуцуныр, школ шхапІэхэр кьагъэщІэрэщІэжьыну кьэщІыщтщ.

Кьэрал щэсыпІэкІэ я щІыналъэ программэм тету, куейм щеІэзэ, профилактикэ щащІ и Іуэхущапхъэ 14-м медицинэ хэуІухэущІэ хэр пщІэнтщэ щызэфІах.

Абыхэм ящыщу 2-р район, апхуэдизыр участковэ сымаджэщщ, 10-р амбулаторэщ, 19-р фельдшер-акушер пунктщ. Амбулат орэ-поликлиникэ Іуэхущапхъэ псоми зы сменэм щыІуэ 555-м щакІэпоплъ, зэбгъэтІылъэкІ мыхъуну медицинэ хэуІуэхущІэр гуп 5-м кьыдэзрагъэпэщ. Зи гугъу тщІы зэманым кьрныбыдэу махуэкІэ здэщыІэ кьудамэхэм щІыуу 588-м щеІэзащ.

- КъБР-м и Президентым и протокол унафэ хэм тету, республикэ бюджетым и хьэкъкІэ Альтуд кьуажэ сымаджэщым, Благовещенкэ, Малакановскэ жылагъуэхэм я фельдшер-акушер пунктхэм дзэм эрелІэзэ Іэмэпсымэ хэр щагъэуващ, Солдатскэ район сымаджэщым и терапевт кьудамэм и япэкъатыр кьызыхуэтыншэу зэрагъэтщыжащ. Абыхэм сом мелуани 7 хуахащ. Мы зэманым медицинэ ІуэхущапІэхэр зыхуэдэр, физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным техуэуэ Іуэхущапхъэгъэ, ахэр дяпэкІи егъэфІэкІуэныжмкІэ лэжьыгъэхэр.

Я жьыгъэм дэгъ гугъуехьэм, я щІыхуэхэр нэхъ зыхуэныкъуэхэм, ахэр зыгъэпІейтейхэм я гугъу ящІу районым и кьуажэ псоми я унафэщІэхэр кьэпсэгъащ. Зэ1уІэм кьыщыхалъхьа Іуэхущапхъэхэр ятхащ, щхьэхуэу зэпкьрахъэ нэужь, мыхьэнэ зиІэу кьаІытэхэр куейм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм и программэм хагъэхьэнущ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭЗ Алик.**

# Цыхухэм я дзыхьыр зэрыдгъэпэжыным дыхущІокъу

## 2010 гъэм иригъэкІугъэкІа лэжьыгъэм и Іуэхукіэ Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ

## Уполномоченнэу Къабардей-Балъкъар Республикэм щыІэм и доклад

Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм гъэ къэс ищІ докладыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, кьэрал властым и адрей органхэм, муниципальнэ учафэщІ органхэм яритын, цІыкІубз хьабарегъащІэ Іуэхущапхъэхэр кьигъэсебэну Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псори щыгъуазэ ищІын мурадкІэ игъэхьэзыращ «Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ Уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іэхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым тету.

### Хэзыгъэгъуазэ

Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ Уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іэхуэщ!апІэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щолажьэ 2007 гъэ льандзэрэ. А зэманым кьриубыдэу ар граждан жылагъуэ Іэхуэщ!апІэхэм я систематэм хэзэгъащ икІи цІыхухэм Конституцэкіэ яІэ хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьащхьэщІыжьыным нэгъэсауэ зэрелэжьыр кьигъэлъэгъащ. Кьэрал органхэм, абыхэм хабзэхъумэ муниципальнэ органхэри яхэту, я кьыалэнхэр и пщэ дилыгъэхьэжу, Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр цІыхухэм ящыщу зи хуитыныгъэхэр кьыззэрызэригъэпщІыжьыным хущІокъу. ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу законкэр кьыдзэзгъэкІ, гъэззэщІакІэу, муниципальнэ властхэм я Іэнатіэхэм цІыхухэм я хуитыныгъэу, щхьэхуитыныгъэу дуней псом кьыщыдалъхьахэр кьэзэщІэнырЗкъэбэрдей-Балъкъэрым кьыщызэгъэпэщыныр. А кьалэнхэр гъэззэщІэнымкІэ Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм жьыдкэру кьыдоІэпыкъу абы дзыхь зыбгъэдэлъ и лІыкІуэу пщІэнэзу кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щыІалажьэр.

Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм иригъэкІугъэ лажьыгъэм и лъабжьэщ Урысей Федерацэм и Конституцэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр.

Абыхэм кьыщыкъэлъэгъуащ «цІыхур, абы и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ фыгъуэ зэхъуэжьыр ящІу». Ар кьызэгъэпэщыжьыр кьэралым и кьалэну» зэрыщытыр.

Апхуэдэу щыІэ пэтми, гъащІэм нэрылъагъу кьещІ дуней псом кьыщалъытэ фІыгъуэ нэхъыщхьэхэр зи лъабжьэ апхуэдэ хабзэ гъуэзэджкэр щамыгъэзащІэ кьыІэрыхьэр, абы кьыщымыІэну, куэдрэ кьызэрыззэпаудыр. Дэ апхуэдэ щыпкІэр кьызэдэпкІын хуейщ, сыту жыпІэмэ, Путин В. В. кьызэригъэльэгъуащ хуэдэу, а конституцэ мардэ льпІэхэм дытемытмэ, демократие кьэрал нэс - «къэралым и цІыхухэр зэрыпагэ, ди гъунэгъуэхэм псом япэу цІыхум, абы бгъэдэлъ зэфІэкІымрэ хуитыныгъэхэмрэ кьэзыгъэльэгъуэ есахэм - пщІэ зы-хуащІ» Урысей кьэралыр тхуэзгъэгъэувэнкъым.

Япэхэми хуэдэу, 2010 гъэм Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм иригъэкІугъэ лэжьыгъэр быдэу пыІащІ щыгъуазэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІэжьІ гъащІэм. Адрей цІыху псоми хуэдэу, дэри республикэм и екъулІэныгъэхэм дыщогубгъуфІыкІ, абы хуэзфІэныкъэ хэм дытогузэвыкъ. ПыухыкІауэ жьІэн хуейщ, дуней псом кьыщыхьэ финанс кризисым пыщІа гугъуэхь нэрылъагъуэхэр щыІами, социально-экономикэ зыужьныныгъэм и гъуэгум тету республикэр нэрылъагъуэ япэкІэ зэрыкІуэтар. Абы и щыхьэтщ валовэ щІыналъэ продуктым зэрыкъэхьуар. Зэпымыууэ хохъуэ промышленностымра мэкъумаш хозяйствэмра я продукцэм, ухуэныгъэу ирагъэкІуэкІэхэм, промышленнэ Іэнатіэщ!эу, социально-щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ ухуэныгъэу лажьэу яутІыпщхэм. Псынщ!э дыдэу зэфІэкІыу пхуэмыІэными, дэжьапІэншэхэм я бжыгъэм кІэроху, демографие щытыкІэмэ зеузэщІыж. ЛІэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъум кьыдэкІуэу, кьалъхуэхэм кьахъуэ. «Иужьрей илъэсищ!ым кьриубыдэу цІыхуэхэр ику иту зэрыпсэуи илъэси 2-кІэ нэхъыбэ хъуащ икІи илъэс 73-м нэсащ» (Кьаноковэ Арсен).

Хэку зауэшхуэм совет цІыхубзэм кьыщацІа Текіуэныгъэр илъэс 66-рэ зэрырикъум зыщыхуагъэхьэзыр зэманым кьриубыдэу зауэм и ветеран псори фэтэрэхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм куэд зэфІегъэкІ нэхъ хуэмыщІа цІыхуэхэм социальнэ и Іэныкъуэкіэ ядэІэпыкъуным хуэгъэзащІэ. ПсэупІэмрэ коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэмра я уасэхэр ятын папщІэ хуэхъуащ унагъуэ 8870-м. Унагъуэ мин 35-м ахъшэкІэ ядоІэпыкъу. Сабий зеиншэхэмра адэ-анэм я жьауэм щІамытыжу кьэна сабийкэмра псэупІэкІэ кьызэрэпэщыным техуэ программэ кьащтауэ Іуэхущапхъэ. Республикэм гулъытэ щыхуащІ граждан жылагъуэ Іуэхущапхъэр зэтегъэувэным, абыхэм я пэжыпІэр купщІафІэу кьызэгъэпэщыным.

А псоми кьадэкІуэу, жьІэн хуейщ цІыхухэм ящыщ куэд, псом хуэмыдэу нэхъыжьхэр, пенсионерхэмра ныкъуэдыкъухэмра, бын куэд зиІэ унагъуэхэр я псэукІэмкІэ зэрымыварэзыр кьащыгъэпльэгъуэ тхьэусыхафэхэр Цыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кьызэрыпІэрыхьэр. Пенсэхэм и зэманым хагъахъуэркъыми, абы кьыщыгъуэр ахъшэм и уасэм зэрыкІэрыхуэм пльэщІыхьэркъым. ЛжьапІэ зиІэхэр, псом хуэмыдэу бюджет Іэнатіэм парытхэр, иротхьэусыхэ я улахуэхэр егъэлеяуэ зэрыщІыкІыу. 2010 гъэм псори нэхъ льпІэ зэрыхъуар, а Іэнатіэм зэрытхэм кьаІэрыхьэ хэхъуэм ипэжьпІэкІэ кьыщІэкІыр зыкъуэдизыр ухуэныгъэхэм дытогузэвыхь. ПыухыкІауэ жьІэн хуейщ, дуней псом кьыщыхьэ финанс кризисым пыщІа гугъуэхь нэрылъагъуэр щыІами, социально-экономикэ зыужьныныгъэм и гъуэгум тету республикэр нэрылъагъуэ япэкІэ зэрыкІуэтар. Абы и щыхьэтщ валовэ щІыналъэ продуктым зэрыкъэхьуар. Зэпымыууэ хохъуэ промышленностымра мэкъумаш хозяйствэмра я продукцэм, ухуэныгъэу ирагъэкІуэкІэхэм, промышленнэ Іэнатіэщ!эу, социально-щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ ухуэныгъэу лажьэу яутІыпщхэм. Псынщ!э дыдэу зэфІэкІыу пхуэмыІэными, дэжьапІэншэхэм я бжыгъэм кІэроху, демографие щытыкІэмэ зеузэщІыж. ЛІэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъум кьыдэкІуэу, кьалъхуэхэм кьахъуэ. «Иужьрей илъэсищ!ым кьриубыдэу цІыхуэхэр ику иту зэрыпсэуи илъэси 2-кІэ нэхъыбэ хъуащ икІи илъэс 73-м нэсащ» (Кьаноковэ Арсен).

Хэку зауэшхуэм совет цІыхубзэм кьыщацІа Текіуэныгъэр илъэс 66-рэ зэрырикъум зыщыхуагъэхьэзыр зэманым кьриубыдэу зауэм и ветеран псори фэтэрэхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ.

Кьэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министерствэм и унафэщІэхэм кьабгъэдэкІыу зи махуэр зыгъэльапІэ полкым и лэжьакІуэхэм ехъуэхъуащ КъБР-м щыІэ МВД-м и штабым и унафэщІ кьалэнхэр зыгъэзащІэ Дронин Александр.

Налшык кьалэмкІэ УВД-м и унафэщІ, илъэс 17-м нэблагъэкІэ ППСМ полкыр зи ІэнатІэ щІэта милицэм и полковник ДыщэкІ Назир тепсэлъыхащ я Іуэхур зэрызэфІэувам, илъэс 18 хьауэ зи пщэрыльхэр хьэлэну езыхьэкІ лэжьакІуэхэм.

Кьэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру КъБР-м щыІэм и унафэкІэ полицэм и лэжьакІуэ 30-м щІигъэ ягъэпэжащ. Кьэзэрыззэрагъэпэщэр илъэс 18 зэрырикъуам теухуа зэхъыхь зэрыщІэ ящыІэ ящІа нужь махуэ 20 дэкІыхукІэ тхыльхэр кьыщыІахынущ мы хэщІапІэм: *360002, Налшык кьалэ, Къужокъуейм и ураам, 2, телефонтыр: 72-02-84.*

Тхыльхэр и чэзум зэрамыгъэхьэзырар с ирикъу зэрамыгар щхьэусыгъуэ хуохъу зэпеуэм зэрыхэтыну тхыльхэр Іамыхыным.

**АЛЪХЪЭС Къазбэч.**

**●Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр**

**Текіуэныгъэм и парад.** *1945 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 24-м*

**●КъБР-м щыІэ МВД-м**

## Гулъытэм хохъуэ

**Кьэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру КъБР-м щыІэ, полицэм и полковник Васильев Сергей и унафэкІэ дызэрыт илъэсым щыщу кьэна пІалъэр милицэм кьуажэ, кьалэм и хьэблэ лэжьакІуэхэм я теуухуауэ щытыну.**

ЩІэпхъаджагъэ нэхъыбэ кьыщыхуэ хьэблэхэм милицэм и лэжьакІуэхэм я бжыгъэм щыхэгъэхъуэным, ахэр автотранспортрэ захъумэжьныкмкІэ зыхуеину Іэмэпсымэкіэ кьызэгъэпэщыным, щылажьэ Іуэхущапхъэхэр кьызыхуэт щымыІэу зэтегъэпсыхыным КъБР-м и Правительствэм хухиха мылькур кьызэрагъэсебэным хэпльэнущ.

Дэнэ щІыпІи щекІуэкІынущ я Іэщ!агъэм зэрыхуэІэижьым теуухуа зэхъуэжьхэм, милицэ Іуэхущапхъэхэм «Бжэ зэІуэхахэм я махуэхэр», я кьалэн ягъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэепльэ спорт зэхьэзэхуэхэр. Илъэсым и кІэм цІыхухэм яхэупщІыхьынырэ, милицэм и кьуажэ, и хьэблэ лэжьакІуэхэм я нэхъыфІыр ягъэбелджылынущ.

***Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэ.***

## Илъэс 18-р ягъэльапІэ

**Милицэм и пльэр-пост къулыкъум и Іуэхущапіэм щекІуэкІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и а Іэнатіэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 18 зэрырикъуам теуухуа зэхъыхь.**

Полкыр сатыру иувыкІащ. Я кьалэн ягъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэхэм я фэепльэм деж щыІащ щыхь кьэрэгъуэхэр.

Ирагъэблагъэхэм яхэтщ полкым и япэ унафэщІ, кьэрал кІуэцІ Іуэхукъум и полковник **Нэгумэ Мухьэмэд**, КъБР-мкІэ МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэтхэр, министерствэм и ІэнатІэхэм я унафэщІхэр.

Кьыззэрэсахэм псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъаззэри, и унафэм щІэт Іуэхущапхъэм и блэкІамрэ и нобэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм я шынагъэншагъэр кьызэрэпэщыныкІэ я кьалэнхэм щызыІэрагъэхьа ехъуІэныгъэхэм тепсэлъыхьащ полкым и унафэщІ милицэм и полковник **Атэлыкъ Борис**.

Зэ1уІэм кьрихьэлІэзэм зы дакьикъэкІэ хэущІыгъуащ щІэпхъаджащІэхэм я кІэщІкІуэда я лэжьэгъуэхэм. Кьэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэм и унафэщІхэм кьабгъэдэкІыу зи махуэр зыгъэльапІэ полкым и лэжьакІуэхэм ехъуэхъуащ КъБР-м щыІэ МВД-м и штабым и унафэщІ кьалэнхэр зыгъэзащІэ Дронин Александр.

Налшык кьалэмкІэ УВД-м и унафэщІ, илъэс 17-м нэблагъэкІэ ППСМ полкыр зи ІэнатІэ щІэта милицэм и полковник ДыщэкІ Назир тепсэлъыхащ я Іуэхур зэрызэфІэувам, илъэс 18 хьауэ зи пщэрыльхэр хьэлэну езыхьэкІ лэжьакІуэхэм.

Кьэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэм и унафэкІэ полицэм и лэжьакІуэ 30-м щІигъэ ягъэпэжащ. Кьэзэрыззэрагъэпэщэр илъэс 18 зэрырикъуам теуухуа зэхъыхь зэрыщІэ ящыІэ ящІа нужь махуэ 20 дэкІыхукІэ тхыльхэр кьыщыІахынущ мы хэщІапІэм: *360002, Налшык кьалэ, Къужокъуейм и ураам, 2, телефонтыр: 72-02-84.*

Тхыльхэр и чэзум зэрамыгъэхьэзырар с ирикъу зэрамыгар щхьэусыгъуэ хуохъу зэпеуэм зэрыхэтыну тхыльхэр Іамыхыным.

**●Іуэуэгу къежьапІэ**

# ЕкъулІэныгъэм уэ укъилъыхъуэнукъым, уэращ ар къэзылъыхъуэн хуейр

**КъБР-м и Парламентым ЩІалэгъуалэм, СМИ-хэм я Іуэхухэмкіэ и комитетым щытепсэлъыхьащ республикэм щІалэгъуалэ жылагъуэ зэщІэхьеенныгъэхэм зэрызыщІыжьым.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар, республикэм щІалэгъуалэм и Іуэхухэм я жылагъуэ зэгъуэхьныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Пащты Борис, комитетым и Іэтащхьэ Хьэщ!эжь Татьянэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэ жылагъуэ зэщІэхьеенныгъэхэм щыщхэр.

Къыззэхуэсахэмэпэублэпсальэхэ зэхуигъэзащ Чеченов Ануар. Абы кьыхигъэщхьэхуэкІащ щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгъуэхьныгъэхэр ныбжьыщІэхэмра властымрэ зэпэщІыщІэ кьаруэ зэрахьуфынур. Арщхьэкіэ а зэгъуэхьныгъэхэм ягъэзащІэ кьалэнхэр зыхуэдэмра я мыхьэнэмра кьагурымыІуэмэ, кьикІыи щыІэхьыи, Парламентым и Унафэщым ныбжьыщІэхэр кьыхуриджащ мы зэманым щІалэгъуалэр зыгъэпІейтей Іуэхухэм щхьэтечэтесэлъыхьыфу загъэсэну, жылагъуэ Іуэхухэр утыку зэращІ щыкІэм и щапхъэ ягъэльэгъу эну.

Чеченов Ануар кьельытэ апхуэдэ зэгъуэхьныгъэхэм ныбжьыщІэхэр кьагъэдэІуэн, куэду зыхащІэн хуейуэ.

КъБР-м щІалэгъуалэм и Іуэхухэмра жылагъуэ зэгъуэхьныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Пащты Борис кьыхигъэщхьэхуэкІащ кьэралымрэ щІалэгъуалэ зэгъуэхьныгъэхэмрэ фІыуэ зэдэлажьэн папщІэ Іэмэл псори кьыззэрагъэсебэнырэ. «Ауэ кьыщыхэзгъэщынут ныбжьыщІэм сыт и лъэныкъуэкІи зыщІэдгъэкъуэн зэрыхуейм ГеурауэуэжьитІэхэр кьыззэремызэгъыщэр. Пэжщ, кьынтх етт хъунущ, ауэ бдзэжьей кьэзыубыдыпІ хуейр езыхэращ. «Кьынтх» яхуэхъунущ гъащІэм лъэбыдэкІэ щІыбыыр папщІэ щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ ират Іэмалыр. Абыкіэ, шэч хэмылъу, республикэм и щІалэгъуалэ зэгъуэхьныгъэхэм мыхьэнэ ин зиІэ кьалэн ягъэзащІэ».

Щапхъэ папщІэу Пащтым кьихьащ «Іуэху щІэзэрахьэ Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгъуэхьныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и гъуэгу зэрыщІэхьыр. 2007 гъэм абыхэм япкъ иткІэ кьаІэрыхьа ахъшэмкІэ ныбжьыщІэхэр лэжьапІэ тъуэныжмкІэ щІэзэрыщІэ Іэнатіэм пэрыхьэ щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ япэ льэбакъуэхэр ячыныжмкІэ ядэІэпыкъуным.

Пащты Борис кьыхигъэбелджылыкІащ министерствэм дяпэкІи щІалэгъуалэ Бэрэчэущ Тимборэ, Прокладнэ кьалэм и щІыпІэ администрацэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, узынщагъэр хъуэныжмкІэ и кьудамэм и Іэщагъэлі Кесель Михаил, Дзэлыкъуэ куейм и «ЩІэблэщІэ» пионер зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амщыкъуэ Любэ, «Клуб М- Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Райсиев Темыржан.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуажэ Саенкэ Татьянэ гу лъаригъэтащ кьалэхэмрэ кьуейхэмрэ щІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ я органхэм и Іэщ!агъэлІхэм я хьэблэр курс щхьэхуэхэм зэрыщамыгъэхьэзырам. «Ахэращ щІалэгъуалэ, сабий зэгухьэныгъэхэм сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъуну зи ныбжьыщІэр, арщхьэкІэ езыхэр лэжьыгъэм зэрыхуэрамыгъэджам кьыкъэкІыу ар яхуэгъэзащІэркъым», - жиІащ абы.

Саенкэ Татьянэ ныбжьыщІэхэр кьыхуриджащ нэгъуэщІхэр кьадэІэпыкъуным щымыгугъыу, тегушхуауэ езыхэм я мурадхэр пхагъэкІыну. Абыхэм зыхащІэн хуейщ мы псэльафэ щэрыІуэр: «ЕкъулІэныгъэм уэ укъилъыхъуэнукъым, уэращ ар къэзылъыхъуэн хуейр».

ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, СМИ-хэм егъэщІылІа Іуэхухэмкіэ комитетым и унафэщІ Хьэщ!эжь Татьянэ тепсэлъыхьащ зи чэзу ЩІалэгъуалэ палатэр кьыщызэригъэпэщкІэ республикэм и Парламентыр зыІуу ягуеухьэкъым. Палатэр зэрызыхуагъэсыпте уэ уэх хьыбар зэрызэ хихыу, жьыдкэрэ ди щхьэхэ ныбжьыщІэм кьилъыхъуэу щІедзэ абы кІэзэхьэхьэфыну зэгухьэныгъэр. Хьэщ!эжьыжьым зэгухьэныгъэхэр кьыхуриджащ нэхъ зыкъуэфащэ щІалэгъуалэ палатэм хагъахьэну. Ныб жьыщІэхэм ягу дыхьэн икІи дзыхь уэращьи хуейщ ЩІалэгъуалэ палатэм.

**УРЫСМАМБЭГ Бэ ллэ.**

**●Іуэуэгу зыгъэпсалъэ**

## Хамыгъэтіасэу къахутэ

**Дзэлыкъуэ куейм и цІыхухэм я узынщагъэр ирагъэфІэкІуэныжмкІэ, абыхэм тэмэму медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ягъэтынымкІэ зэжьыгъэ цІыхухэм я ешэлІэным, щІалэгъуалэм и Іэщагъэлі Кесель Михаил, Дзэлыкъуэ куейм и «ЩІэблэщІэ» пионер зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амщыкъуэ Любэ, «Клуб М- Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Райсиев Темыржан, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэ жылагъуэ зэщІэхьеенныгъэхэм щыщхэр.**

Хьэщ!эжь Татьянэ

ЗэгухьэныгъэхэмрэзэкІэрэдмкІэ зэрадиІыгъуэр.

«ЩІалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ институт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ икІи КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм хэт Кубаевэ Мадинэ гу лъаригъэтащ ятха, ауэ мыдлажьэ зэгухьэныгъэ куэд зэрыщыІэм. Кубаевэ Мадинэ тепсэлъыхьащ езыр зи лыкІуэ организацэм ириГъэкІа щІэупщІэм кьрикІуэхэм. Ахэр нэхъыбэуэ хуэгъэзащІ ныбжьыщІэхэр коммерцэ щІалэгъуалэм я ядэлэжьэфу егъэсэным, Іуэхущ!эу кьежьэм щыхагъэгъуаз семинархэр кьахуэзэгъэпэщыным.

Зэ1уІэм хэтхэм кьалъытэ ныбжьыщІэхэм яхуэфэщІэн щІэжьжрагъэ яхэмыльу, ахэр кьэралыр кьадэІэпыкъуным егъэлеяуэ щыгугъэу.

ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, СМИ-хэм я Іуэхухэмкіэ комитетым хэт «ЩІалэгъуалэм и Урысей союз» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщІ Шаваев Ильяс жиІащ зи зэфІэкІ кьэзыгъэльэгъуэну хуей щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр грантэ проектэхэм хьыхь зэрыхьунур. Ильэсиплі хьуауэ мэлажьэ жылагъуэ зэхэтыкІэм зезыгъэужь институтхэм защІэзыгъакъуэ Президент программэр. Мы гъэм ар пхыгъэкІыным сом мелардрэ мелуан 900-рэ хухахащ. Арщхьэкіэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм жьыдкэрагъэяхэпыкъым. Апхуэдэ проект хэм Іэмальифі къуэрратым и щапхъэу Шаваев Ильяс кьикъыхьащ езыр зи унафэщІ кьудамэм идкъы ильэс ещанэ хьуауэ Президент программэм и грантхэр кьызэриІыхьыр. 2007 гъэм абыхэм япкъ иткІэ кьаІэрыхьа ахъшэмкІэ ныбжьыщІэхэр лэжьапІэ тъуэныжмкІэ щІэзэрыщІэ Іэнатіэм пэрыхьэ щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ япэ льэбакъуэхэр ячыныжмкІэ ядэІэпыкъуным.

ЩІэпхъаджагъэ нэхъыбэ кьыщыхуэ хьэблэхэм милицэм и лэжьакІуэхэм я бжыгъэм щыхэгъэхъуэным, ахэр автотранспортрэ захъумэжьныкмкІэ зыхуеину Іэмэпсымэкіэ кьызэгъэпэщыным, щылажьэ Іуэхущапхъэхэр кьызыхуэт щымыІэу зэтегъэпсыхыным КъБР-м и Правительствэм хухиха мылькур кьызэрагъэсебэным хэпльэнущ.

Щ!эпхъаджагъэ нэхъыбэ кьыщыхуэ хьэблэхэм милицэм и лэжьакІуэхэм я бжыгъэм щыхэгъэхъуэным, ахэр автотранспортрэ захъумэжьныкмкІэ зыхуеину Іэмэпсымэкіэ кьызэгъэпэщыным, щылажьэ Іуэхущапхъэхэр кьызыхуэт щымыІэу зэтегъэпсыхыным КъБР-м и Правительствэм хухиха мылькур кьызэрагъэсебэным хэпльэнущ.

**ЩІЭЛЪЫНЭ Эмма.**

**●Гу зытъытапхъэ**

## Жылагъуэ палатэм къыхелъхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Советым и унафэІэ Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ совет къыззэрагъэпэщ. Зэпеуэкіэ кьыхахауэ ЩІалэгъуалэ советым хагъэхьэнущ Урысей Федерацэм и цІыхуэху илъэс 18-м кьыщыщ

# Цыхухэм я дзыхьыр зэрыдгъапэжьыным дыхьэшхыкъу

## 2010 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм и Iэхэхкъ Цыхум хуитыныгъэхэмкIэ Уполномоченнэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и доклад

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап.).*

Тхьэусыхафэхэм, зэрызыкъытхуагъаз тхыгъэхэм зэрызэхъуэр, зы лэныкъуэкIэ къапщтэмэ, зэпытыр я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ яхъумэжьын папщIэ иIэ Iэмалхэр цыхухэм нэхьыбэу къагурыIуэ зэрыхъуар, ауан, нагуэщI пIэзыжьэкIэ къаштэмэ, ар щыхьэт тохьуэ цыхум и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ хъумэныжьыкIэ Къбэрдей-Балькъэрым щекIуэкI лэжьыгъэм ныкъусаныгъэхэр зэрыхэлъым.

КъыпIэрыхьа тхыгъэхэм я нэхъыбэр зытеуухар къэрал властым и органхэращI, щыIэныгъэм и къарурэ, абыхъэм епха къулыкъущIэхэмрэ къэрал граждан къулыкъущIэхэмрэ.

Йужь зэманым нэхъыбэ хъуэу хуежьакIэ социально-экономикэ, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ехьэлIауэ цыхухэм я хуитыныгъэхэр кьыдзэрэзыпадым теухуа тхьэусыхафэхэр. Аха тхьэусыхафэ псоми я процент 80-м нобледзэ зэрыхьыжьа ящIэ. Ар тхьэусыхафэ щыIэкъым Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм и Iуэхущапэ республикэм кьызэрыщыдзэрэзэпэщэ. Аращи процент 20-р зытеуухар жьилагъуэ Iуэху зэмылIэужьыкIуэхэрщ. Апхуэдэ зэхэлъыкIэр кьиутыпхи, Цыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэр тхьэусыхафэ гупыкIэ хэпхуэ бгъэдыхьэу хуежьащ а Iэнатlэхэм щыIэ щытыкIэр зэхэгъэкIыным икIи зи хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ кьызэпхуэгъэ цыхухэм ядэжьэкIыным.

### Социально-экономикэ Iэнатlэм ехьэлIауэ цыхухэм яIэ хуитыныгъэхэр дзгъэкIыным

ПсэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэм и лэныкъуэкIэ щыIэ хуитыныгъэхэр кьыздзэрэзэпадым теухуауэ цыхухэм я тхьэусыхафэхэмрэ Уполномоченнэм зэрызыкъыдэхьэ лъэныкъуэкIэ зэтеувыIэу зэрыщытыр. Уэзыгъэйтей щыIэныкъэ зэтеуващ хэзмыщIауэ псоми, хэхъуэ мащIэ фIэкI зимыIэ цыхухэм гупэрэ псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыным и лэныкъуэкIэ.

Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм и аппаратым къытыпащ псэупIэм и Iуэхуфи-дефрагъэ, щIыналъэ законэкIэ зэрагъэзащIэр икIи абы къырикIуахэм ягъэкIа иткIэ 2009 гъэм и кIэухым игъэхъэзыращ «Сабий зеиншэу, адэ-анэм я жьаум щIэмытыжьу къэна сабийуэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм исхэм псэупIэ и лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэр кьызэгъэпэщыным пылIа Iуэхущапэ», «ПсэупIэ-2010» республикэ программэ хэхар зэрагъэзащIэр докладэр.

2003 гъэм щIышылэм и 18-м кьыдэжьауэ щытащ «ПсэупIэ-2010» республикэ программэ хэхар кьэщтэжьын и Iуэхуфи» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №99-РЗ-р. Абы къыщыгъэзэгъуат псэупIэм и уасэр щыхьи 3 зэрыкIуэрэ ижу итлъэхи 3-м я кьэрубыдзу кьыIэрыхьэм хуэдизу щытыпхъэу, 2010 гъэм ирихьэлIэу социально псэупIэ кьызэратын хуейкэр я чэзум зэрыпэплъэ ильэс 15 - 20-м и пIэкIэ ильэси 5 - 7-м нэсу я гъэмэщIэну, льготэ зиIэ цыхуу гупэпIэкIэ кьызэрагъэзэпэщыр. 2008 гъэм бадзэуэгъэм и 21-м «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствам и Iэнатlэм реформэ щIегъэкIуэкIыным зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондым и Iуэхуфи» Федеральнэ закон №2185-ФЗ-р кьащта нэужь, Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкIащ «Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ уиз кьиубгъэкIуэн щыпсэукIэм 2008 гъэм гъэIэпхъэныгъэ» унафэ №96-ПП-мрэ. Аущ ищхьэкIэ кьыщыгъэзэгъуа программэхэр зэрахъэщIыгъэщIэм кьыхэкIыу 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м кьыдигъэкIащ «2008-2012 гъэхэм ящIыгъэ» «ПсэупIэ» республикэ программэ хэхам и Iуэхуфи» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №274-РЗ-р.

Уи жагъуэ мыхъунIэр иIэкъым псэупIэ ухуэным (къащхьэхунэм) трагъэкIуэдзэн папщIэ къаутIыща икIи къагъэсэбэна ахъшэр 2009 гъэм елытыгъэ нэрылагъуэу нэхъ мащIэ зэрыхъэр. Абы щыхьэт тохьуэ статистикэм къит бжыгъэхэр.

Сом мелуан

| Ахъшэм и Iэхъапlэхэр | Программэм къыщыгъэлъэгъуауэ щытар | Республикэм игъэуза пlащIэр | ИпхэмкIэ къаутIыщар |
|---|---|---|---|
| Федеральнэ бюджетыр | 141,7 | 134,6 (процент 94,99-рэ) | 134,6 (процент 94,99-рэ) |
| Республикэ бюджетыр | 215,9 | 56,4 (процент 26,12-рэ) | 32,6 (процент 15,09-рэ) |
| Псори: | 357,6 | 190,9 (процент 53,38-рэ) | 167,2 (процент 46,76-рэ) |

АтIэмк официальнэ бжыгъэхэм кьызэрагъэлъагъэмкIэ, 2010 гъэм республикэм псэупIэ унэу метр зэбгъэуэнатIэ мин 264,2-рэ кьызэрыкI хьэзыр щащIащ, ар 2009 гъэм елытыгъэ процентри 103,4-рэ мэхъу. Ущыгугъ хъунут апхуэдэ лэжьыгъэм и фIыщIкIэ щытыкIэм зиужьыжьыну. Ау ухуэныгъэр езыгъэкIуэкIахэмрэ псэупIэ зыхуэдIахэмрэ кьобмэжьма нэужь, гурыуагъуэ кьыхэпхуэу псэупIэу яуха процент 96,8-р цыхухэм езыкъэм я ахъшэкIэ зэращIар. А цIыкIэм тету, цIыху мин 40-м щIигъу зэрыс унагъуэ мин 10-м папщIэ республикэм хъэзыр щыхьэ уиз псоми я процентри 3-рщ, нэгъуэщI жьиIэмэ, метр зэбгъэуэнатIэ мин 7-м нэблагъэ щыхьэральэ мащIэр. Адрей я процентри цыхухэм ельытыгъэ ящIэн папщIэ яухуащ. Араши, республикэм ис цыхухэр социальнэ псэупIэкIэ кьызэрэпэщыным икъукIэ гугъуехьышхуэхэр хэпльащ. Республикэм ис дотхэнэми ику иту псэупIэу кьыплъысыр (метр зэбгъэуэнатIэ 16,6-рэ) зэрыкIуэ ящIу нэхъ мащIэхэм ящыIу Урысей Федерацэм и цыхухэм кьалъысыным нэхъ р (метр зэбгъэуэнатIэ 21,5-рэ). Апхуэдэу щыт пэтми, гъэ къэс нэхъ мащIэ мэхъу социальнэ псэупIэу цыхухэм иратыр, абы кьыхэкIыу фэтэр хуэныкъуэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуркьым, ау чэзум пэплъэрэ я спискэм 2006 гъэ лъэнэдзэ щIэуэ зыри хамытхэ тэмэм. Иджыпстэ псоцIэ-альнэ псэупIэ кьэралым зэриухуэр я зэрекIуэкIыным хуэдизу къэнэмэ, республикэм уиз хуэныкъуэу ис псоми щалъэIэсынур ильэси 130-м щIигъу дкIмэщ, абы щIигъэмэ а зэманым къырибудзу спискэм зыри хамытхэмэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр иригъэкIуэкI пэтми, upы кьхъэхэм, нысыкъуэтхэм, тыншыпIэ пIэзыкъ зимыIэ унэхэм щIэсхэм я гугъуехьэхэр нэхъ мащIэ хъуркьым. 2010 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу ущIэкъ мыхъуныкъ кьалъытэ фэтэр хуэд хуэ унэу псори метр зэбгъэуэнатIэ мин 68-м щIигъэм ирихьэлIэу щIыу мин 4,7-рэ щопсэу. Апхуэдэу ауэ кьхъэхэм я нэхъыбэр (процент 61,5-р) зэдащIэр Налшык кьалэрщ.

Мы Iэнатlэм щыIэ мыхъумыщIагъэхэр нэрылъагъу кьыпщащI тыншыпIэ пIэзыкъ зимыIэ пасэрей унэу Нартхьалэ дэтхэм щIэсхэм Уполномоченнэм зэрызыкъыхэзгъэзэа тхыгъэхэм. Къащтэмэ, цIыкIуитIу зы унэтэгъэ (ящIэ, абы балигъ хьыуэ и кIэухмэ я пхъыпI) ильэс 30 ныдэдзэ щопсэу тыншыпIэ пIэзыкъ зимыIэ пасэрей унэм метр зэбгъэуэнатIэ 23,6-рэ кьикIыкъ хэт пэшитI хуэ фэтэрым. ЩIыIэ хабзэхэм тету я унэр ущIэсхэм мыхъумыжьи икIи ирахьи хуейкэр кьалъытащ. Унэ кьахъэхэмрэ ныкъуэкъутэхэмрэ щIэсхэр гъэIэпхъэныжьмкIэ программэхэр къащтащ Нартхьалэ и адміністрацэм я унагъуэм папщIэ кьишэхущ метр зэбгъэуэнатIэ 16,5-рэ кьызэрыкI зы пэш хъу фэтэрыр. АбыкIэ арэзы мыхъуу унэгуащэр суудым щытхъэусыхэу социально мардэхэм кьикI фэтэр зэпэщ кьыйихьи папщIэ. Судым щытхъэусыхэу кьыхуигъэщIакъым, ау администрацэм хуигъэщащ унагъуэм кьызэщIагъэIэпхъэныкI фэтэрым хуэдиз дыдэ иритыныжьу. Ау апхуэдэ фэтэрыр псэупIэжьмкIэ мардэхэми санитариемкIэ мардэхэми кьызэгъырыкъым.

Ркэтэн хуей апхуэдэ унэм пэши 4 щIыIэщI щыIэ 8 зэрыс нэгъуэщI унагъуэм. Аращ игъэIэпхъэн папщIэ Нартхьалэ и administрацэм зы пэш хъу фэтэр кьахуищэхущ. Мы унагъуэм исхэм уполномоченнэм кьыхуагъэхьа тхъэусыхафэм зэриитмкIэ, я фэтэрым кьуэдзапIи псэуапIэу я къэбгъэсэбэп хъун нэгъуэщI зыгъэпсэф хэтхыным, ау унагъуэм щIэхъуэжьауэ, я псоми кьыхъэжьыу псэупIэр мыIэпхъуэу уиз ныкъуэкъутэм кьыщIагъэкIын папщIэ абы екIуапIэ кьомуникацэ псори паупщащ. Апхуэдэ нэгъуэщI щапхъэхэри щыIэщ.

Къапщтэмэ, Алборо А. М. и ныбжьыр хэкIыгъащ, ныкъуэдыкъуэщ. Ар щопсэу КIыщокъыр и уэрамым тет пасэрей унэм хэт зы пэш хъу фэтэру приватизацэ ящIауэ щытам. Нэхъ ятэкIэ абы щыIэуэ псэуащ зеиншэу кьэна и кьэурыльхъу тIу. Цыкьубымрэ абы и кьэурыльхъуэмрэ зрагъэхъэзри зэман кудзэ iэппIэщ социальнэ псэупIэ кьратыным. Ау сабий зеиншитIым псэупIэ кьрату щагъэIэпхъэуар 2010 гъэм мы Iуэхум ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэр хьыкъ нэужьщ. Сабийхэм я анэшхуэр уэшхыр кьыIэпхъэк, зи унашъхэр къиуэнкIэ хьуну фэтэрым кьыщIэнаужь щIэсщ. Налшык кьалэ округым и administрацэм кьалэм и щIыналъэр электроэнергиемкIэ кьызэрэпэщыныр зи закъуэ унафэм щIэт «Налшык-энергосбыт» ООО-мэ.

Жыг хадэ зыгъэкIэхэм, дачэ зиIэхэм я зэгучэныгъэхэм хиубыдэ щIапIэхэм щыпсэухэм я дежкIэ гуфIэгъуэкъ нэхъыщхьэ дыдэр абы къэм щауха псэупIэхэм зыщIагъэтхъынырщ. Зэгучэныгъэ псоми ар зыхуэзэфIэкIахэр, хабзэм кьемызэгъыу я щIапIэхэм щатхэм ямыдахэри щыIбгъэутынущ.

Жыг хадэ зыгъэкIэхэм дачэ зиIэхэмрэ яхуэфащэн гульытэ властхэм зэрыхуямыщIым кьыхэкIыу я зэгучэныгъэхэм хиубыдэ щIыхэр зыщIагъэсэбэпым кIэлъыплъ щымыIэу кьэнащ. Зэгучэныгъэхэм я правленэхэмрэ абыхъэм я тхьэмадэхэмрэ нэгъэсэ ауэ щIапIэхэр щIапщтыкIыну, ахэр кьызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъыну, взносхэр зэхуэхъэсыну Iэмал ягъуэтырыкIыну, сыту жыпIэмэ правленэр щымыIэуаззу щIыр кьэзыщхьэ-зыщхьэхэр щыIщ. Зыхуэфащэ органхэм зэгучэныгъэхэм я правленэхэм я Iизынышэу апхуэдэ зэхъуэжьынныгъэхэр ятх. ЩIы Iыхьэхэр кьызэрагъэсэбэпым ехьэлIауэ езы зэгучэныгъэхэм хэтхэми яку зэгурымыIуэныгъэ куэд дальщ.

ЗыщIбгъэгъупщэ хъунукъым Урысей Федерацэм и Конституцэм и 27 статьям итыпхъэдэ псальэхэр: «Законым къеззэгъыу Урысей Федерацэм и щIыналъэм ис дэтхэнэ зыми хуитыныгъэ зиIэ цыхум я къэкIуэнымрэ, зэрыщIэну, зыщыпсэуну щыIэпIэ зеиным кьыхихьыну». А конституцэ мардэр бгъэмэщIэнри зебгъэубгъуни ухуитным. Ау ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа щапхъэхэр а конституцэ мардэм кьеззэгъырыкъым.

Абыхъэм кьэдэкIуэу, Урысей Федерацэм и Конституцэм и 55 статьям и Iыхьэ 3-м кьыхэкIыу, зы лэныкъуэкIэ зыльэгъуауэ жыг хадэхэм щыпсэуэу зригъэтхын папщIэ цIыхум щIыпэрыуэ хуэныкъуэхэр зыгъэгъуэхэр. Апхуэдэ щхьэусыгуэхэр ди деж щIэхъым. ИщхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа я конституцэ мардэхэм кьагъэувэн кьеззэгъырыкъым кьалэм и коммунальнэ, энергетикэ Iэнатlэхэм я правленэхэм, псыр, гъэпсыкI, адрей Iэнатlэхэм кьэгъэсэбэпыным щхьэзыфIэфIу унафэ зэрыгращIыхьыр.

Иджыпстэ ди деж щызэтеува щIыпкIэр и лъабжьэу икIи жыг хадэ зыгъэкIэм, дачэ зиIэхэм я зэгучэныгъэхэм хэтхэм я хуитыныгъэхэр зэтеГъэувэжьмэ мурадхэ. ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Правительствэм щыIэм и гурыIуэныгъэ хъэзыращ «Жыг хадэ зыгъэкIэхэм, дачэ зиIэхэм я зэгучэныгъэхэм хэтхэм езыхэм я хуитыныгъэхэр зэрыкъэзэрыгъэувэну теухуауэ къатха тхьэусыхафэхэм зэрыкъэплъам кьырикIуахэм я Iуэхуфи» докладэр. Докладым щыхэплъащ ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Правительствэм щыIэм и аппаратым и эксперт советым и зэIуIэм икIи кьиутащ мы кьыкIэлъыкIуэхэр зэфIэзгъэкIыным:

Жыг хадэ зыгъэкIэхэм, дачэ зиIэхэм я зэгучэныгъэхэм хиубыдэ щыIэ электролинэхэр кьалэ округэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щIыпIэ administрацэхэм я энергие щыIэ Iуэхуфи» ЦIыхухэм я балансым хэгъэхьауэ, цIыхухэм хьун унэ зэрыт дэтхэнэ зы щIыпIэри зейи электроэнергиемкIэ кьызэрэпэщыным тегуха зэгурымрыуэныгъэ щхьэхуэ щыIэныр хуейщ;

1998 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м кьыдэжьа Федеральнэ закон №666-ФЗ-м, Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м кьыдэта унафэ №7-п-м и икIэ иткIэ, а законным хапльыжьа зэхъэрыльыныгъэхэм тету кьэрэ оифэхэмрэ муниципальнэ районэхэмрэ я щIыпIэ administрацэхэр УФ-м Iэпхъэшапхъуэхэм я Iэхъуэкмкlэ и кьулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм щIыгъуу хэпльэн хуейщ жыг хадэ зыгъэкIэхэмрэ дачэ зиIэхэмрэ я зэгучэныгъэхэм хиубыдэу щауха унэхэм щIэсхэр кьытегъэзэжьынущ.

Кьытегъэзэжауэ хэпльэн хуейщ жыг хадэ зыгъэкIэхэм я «Химик» зэгучэныгъэм хиубыдэ щIыналъэм и статусыр зэхъуэжьынущ, сыту жыпIэмэ ар зи гъунэгъу щыта «Искож» комбинатыр лжьэжьыркъым икIи узынщIагъэм и дежкIэ зэрам щхьэхъэр абы щызэрахьэжьыркъым.

1998 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м кьыдэжьа Федеральнэ закон №666-ФЗ-м и Iыхьэ 8-м кьызэрагъэувым тету кьалэ округэмрэ муниципальнэ районэмрэ я administрацэхэм чэнджэщ ират жыг хадэ зезыхьэхэм, хадэхэр зэрыкъэхьэхэм, дачэ зиIэхэм я зэгучэныгъэхэм хэтхэм зэрахуэфIэкIыкIэ зыщIагъэкъуэну.

Мы докладыр Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хуедгъэхьащ икIи жыг хадэ зыгъэкIэхэм, дачэ зиIэхэм я зэгучэныгъэхэм я Iуэхур егъэфIэкIуэн, абыхъэм хэт цIыхухэм ящIыщу зи хуитыныгъэхэр я Iуэхур егъэфIэкIуэн, абыхъэм хэт цIыхухэм ящIыщу зи хуитыныгъэхэр я Iуэхур зэчэнджэщ щIыгъуу.

## Лэжьыгъэ Iуэхуэм я лъэныкъуэкIэ цIыхухэм яIэ хуитыныгъэхэр, медицинэ Iуэхуитхьабзэхэм я лъэныкъуэкIэ пенсионерхэм яIэ хуитыныгъэхэр кьызэгъэпэщыным хуэунэтIа лэжьыгъэр

Отчет илъэсым кьырибудзэу Уполномоченнэм тхьэусыхафэ куэд кьыхуагъэхьащ лэжьыгъэм и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм яIэ хуитыныгъэхэр кьызэрызэпэщыным, лэжьапIэр и зэманым зэрамытым, щIыхуэ зытелъ предприятэхэм ахъшэ кьыIахьжьыну зэрахъэжьЕмыжьыным, хабзэм кьемызэгъыу лэжьапIэр зэрыпылъ щIыпIэхэм я правленэхэм я Iизынышэу апхуэдэ зэхъэжьынныгъэхэр ятх. ЦIы Iыхьэхэр кьызэрагъэсэбэпым ехьэлIауэ езы зэгучэныгъэхэм хэтхэми яку зэгурымыIуэныгъэ куэд дальщ.

ЗыщIбгъэгъупщэ хъунукъым Урысей Федерацэм и Конституцэм и 27 статьям итыпхъэдэ псальэхэр: «Законым къеззэгъыу Урысей Федерацэм и щIыналъэм ис дэтхэнэ зыми хуитыныгъэ зиIэ цыхум я къэкIуэнымрэ, зэрыщIэну, зыщыпсэуну щыIэпIэ зеиным кьыхихьыну». А конституцэ мардэр бгъэмэщIэнри зебгъэубгъуни ухуитным. Ау ищхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа щапхъэхэр а конституцэ мардэм кьеззэгъырыкъым.

Абыхъэм кьэдэкIуэу, Урысей Федерацэм и Конституцэм и 55 статьям и Iыхьэ 3-м кьыхэкIыу, зы лэныкъуэкIэ зыльэгъуауэ жыг хадэхэм щыпсэуэу зригъэтхын папщIэ цIыхум щIыпэрыуэ хуэныкъуэхэр. Апхуэдэ щхьэусыгуэхэр ди деж щIэхъым. ИщхьэкIэ кьыщыгъэльэгъуа я конституцэ мардэхэм кьагъэувэн кьеззэгъырыкъым кьалэм и коммунальнэ, энергетикэ Iэнатlэхэм я правленэхэм, псыр, гъэпсыкI, адрей Iэнатlэхэм кьэгъэсэбэпыным щхьэзыфIэфIу унафэ зэрыгращIыхьыр.

Иджыпстэ ди деж щызэтеува щIыпкIэр и лъабжьэу икIи жыг хадэ зыгъэкIэм, дачэ зиIэхэм я зэгучэныгъэхэм хэтхэм я хуитыныгъэхэр зэтеГъэувэжьмэ мурадхэ. ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Правительствэм щыIэм и гурыIуэныгъэ хъэзыращ «Жыг хадэ зыгъэкIэхэм, дачэ зиIэхэм я зэгучэныгъэхэм хэтхэм езыхэм я хуитыныгъэхэр зэрыкъэзэрыгъэувэну теухуауэ къатха тхьэусыхафэхэм зэрыкъэплъам кьырикIуахэм я Iуэхуфи» докладэр. Докладым щыхэплъащ ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Правительствэм щыIэм и аппаратым и эксперт советым и зэIуIэм икIи кьиутащ мы кьыкIэлъыкIуэхэр зэфIэзгъэкIыным:

Жыг хадэ зыгъэкIэхэм, дачэ зиIэхэм я зэгучэныгъэхэм хиубыдэ щыIэ электролинэхэр кьалэ округэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щIыпIэ administрацэхэм я энергие щыIэ Iуэхуфи» ЦIыхухэм я балансым хэгъэхьауэ, цIыхухэм хьун унэ зэрыт дэтхэнэ зы щIыпIэри зейи электроэнергиемкIэ кьызэрэпэщыным тегуха зэгурымрыуэныгъэ щхьэхуэ щыIэныр хуейщ;

1998 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м кьыдэжьа Федеральнэ закон №666-ФЗ-м, Урысей Федерацэм и Конституцэ Судым 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м кьыдэта унафэ №7-п-м и иткIэ иткIэ, а законным хапльыжьа зэхъэрыльныгъэхэм тету кьэрэ оифэхэмрэ муниципальнэ районэхэмрэ я щIыпIэ administрацэхэр УФ-м Iэпхъэшапхъуэхэм я Iэхъуэкмкlэ и кьулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм щIыгъуу хэпльэн хуейщ жыг хадэ зыгъэкIэхэмрэ дачэ зиIэхэмрэ я зэгучэныгъэхэм хиубыдэу щауха унэхэм щIэсхэр кьытегъэзэжьынущ.

Кьытегъэзэжауэ хэпльэн хуейщ жыг хадэ зыгъэкIэхэм я «Химик» зэгучэныгъэм хиубыдэ щIыналъэм и статусыр зэхъэжьынныгъэ зыхуеину Iэмалхэр кьызэгъэпэщыным;

сабий ныкъуэдыкъуэхэр жылагъуэ гъащIэм зэрыхагъэзэгъэжь, абыхъэм я зэрыкIуэнымрэ зэрыщIэнымрэ, нэгъуэщI куэдми.

А псоми я кIэн иткIэ КъБР-м и Правительствэмрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ я гугъэ щIэу захалъхьащ сабийжэрэ ныбжьыщIэхэмрэ, псом хуэмыдэу хэхаяу зыдалэжьын хуей сабийжэр, зэрыгъэджэну, зэрагъэсэну план хэха.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и прокуратурэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, хэрагъэ, муниципальнэ власти и органуитIу щыIэ Уполномоченнэм нэхъ пыIуныгъэ щыIэр и хуитыныгъэхэмкIэ и Уполномоченнэу КъБР-м щыIэр зэпымыуэу и сабийхэм я щIэныгъэмкIэ и Правительствэм щыIэм и органуитIу щыIэ Щыхьэт и Iуэхуфи нэхъ пыIуныгъэ щыIэр и хуитыныгъэхэмкIэ и Уполномоченнэу КъБР-м щыIэр зэпымыуэу и сабийхэм ядэIэпыкъунмкIэ, сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я жьаум щIэмытыжьу кьэна сабийхэр псоцIэкIэ кьызэрэпэщыным икъукIэ гугъуехьышхуэхэр хэпльащ. ДыдэрэпсымкIэ, конкурсым щытекIуэм унэ ищIыным пэмыплъу, апхуэдэ псэупIэхэр зыщIэжьэн я дежкIыщIэщхьэмэ нэхъыбэр, сыту жыпIэмэ узыхэплъыкIын бгъэтынут. Проект-сметэ документацэ гъэхъэзыбыным, ар зыхуэфащэ Iэнатlэхэм щыпсэухэзыкIыным, унэр щащIыну щIы Iыхьэр кьыздэхьыным, конкурсэр ягъэкIуэкIыным, а псори зэфIэкIа нэужь езыгъэужьыгъэр егъэкIуэкIыным зэманрэ ахъшэу текIуадэр кьэплъытэмэ, ар нэхъ фейдэуэ зэрыщытыр кьыбгурыIуэну гугъуехьым. Апхуэдиз лэжьыгъэм ахъшэ щытекIуадэкIэ, фэтэр бжыгъэу зеиншэхэм иратри нэхъ мащIэ хъунущ. А псоми кьадэхуэу кьэтхьапхъэ зэрыщытыр, ар зэрыщIэнымрэ, зэрыщIэнымрэ жьилагъуэ зэмылIужьыкIэ зыгъэгъэсэну кьэнащ 2010 гъэм КъБР-м и Правительствэм и Къэралыгъэ Унэмахуэ 50-р, Аслъэшэм щыIэ Iыхьэр (сом мелуан 30-р) конкурсым щытекIуэ «Гражданскрэ плюс» ООО-м и счетым иралъхьащ, кьэна адрей Iыхьэр КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и счетым иралъхьащ, ауэ псэупIэ пэплъэ зеиншэхэм я бжыгъэм зыкIи кьIуэкIыжь

# Цыхухэм я дзыхьыр зэрыдгъэпэжным дыхэхущIокъу

## 2010 гъэм иригъэкIуэкIэ лэжьыгъэм и Iуэхущкэ Цыхум и хуитынытэхэмкIэ Уполномоченнэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и доклад

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 2, 3-нэ нап.).*

Нэхъ мащIэ хъуакъым следствиемкIэ органхэм я лжьыгъэмкIэ мыарзэшу къэтхъэсыхэхэм я бжыгъэр. Хабзэншагъэ ялэжьауэ зыкъ уэзыгъэщI Iуэхуэхэр къыщыIэта тхъэусыхафэу уполномоченнэм прокуратурэм 27-рэ. Урысей Федерацыэм Следствиемкэ и комитетым Следствиемкэ и управленэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм 14 ящыгъэхьащ. Псори зэхэту гъэ кIуам УФ-м СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм хабзэхьыуэ органхэм я лжьакIуэхэм зэхьыщыхьа хабзэншагъэхэмрэ къуаншагъэхэмрэ зэтеуцуагъэхэу хьыбар 483-рэ ящIэрыхьащ. Абыхэм япкъ иткIэ, къулыкъушIэу 44-м яхуэгъэза уголовнэ Iуэхущ 39-рэ къызэIуахащ. 2010 гъэм мы управленэр апхуэдэ Iуэхущ 70-м елэжьащ икIи кулыкъушIэу 35-рэ зэрагъэхьуаншэм тегущыIэу Iуэхущ 31-рэ судым и гъэхьащ. Цыхухэр нэхьыбэу щIэтхъэусыхэр Iуэху пыухыкIэкэр, оперативнэ Iуэхухэр щызэхэгъэкIэ, следствие щрагъэкIуэкIкIэ хабзэхъуэм я органхэм я IэжьакIуэхэм зэрыграгъэлейрц, цыхур щхьэусыгъуэ гъэркIэ зэрауэбидам тегущыIэу абы и Iпаргъэхэмрэ и Iыхьэхэмрэ я хабзэр зэрамыгъаIэрщ, зи Iуэхуэхэр зэхагъэкIэм фабжь зэрытредзэрщ, следствие щрагъэкIуэкIкIэм тхъэусыхафэхэмрэ лъэпхъэмрэ зэрыламыкIырщ, ахэр къэщIэтынкIэ кIыхьлIыхь зэращIыщ. Абыхэм ямышIу, КъБР-м щыIэ МВД-м и лжьакIуэхэр хабзэм къытекIаягъ 663-рэ еэзым къыщIэтыкIащ икIи абыхэм япкъ ящIэ ящыкIуэ 518-рэ дисциплинарнэ жэуапым иришIэлащ. Министерствэм сэтей къыщIа мыхъумащIагъэхэм ящыщу 207-р хабзэхьыуэ органхэм я лжьакIуэхэм щыхуэхэм я хуитынытэхэмрэ щхьэхуитынытэхэмрэ къызэIуахащ, 191-р ящыгъэхьащ, 16-р ящыгъэгъэзэжащ. Хуитынытэхэмрэ щхьэхуитынытэхэмрэ къызэуIуахыжащ зыгъэзэжащ зыгъэзэжащ. А псоми ятеуухуэу уголовнэ я административнэ Iуэхуэхэр къызэIуахащ.

Хабзэхъуэм органхэм я лжьыгъэр хэпщIыкIыу иригъэсфIэкIуэ пэтми, 2010 гъэм республикэм щыIэ щыIыкIэр ефIэкIуауэ пIалъэ гурыкъым. Хабзэншагъэу, псом хуэмыдиду щIэпхъащIагъэ хьэлэсу ялэжьауэ ятхахэм я бжыгъэм хэхъуащ. Ди республикэм хэращ псом щыхъуэ щIэпхъащIагъэхэр щалэжьащ, милицием и лжьакIуэхэр, дин лжьакIуэхэр, щIэныгъэ лжьакIуэхэр щаукIащ. Хабзэхъуэм органхэм ящыщ щIэныгъэхьуэу зэрагъэтям и щхьэусыгъуэ хэм ящыщу къыщIэкIынущ абыхэм я лжьакIуэхэр, псом хуэмыдиду нэхъ и лъабжьэмкIэ щыIэ унафэщIэхэр я Iэщагъэм нэсу зэрыхуэмыдыкIуэлажьэр. ДызэреплъымкIэ, апхуэдэ ныкъуасныгъэхэр нэхъ мащIэ ящыщ папщIэ лжьакIуэхэр нэхъ егупуу ягъэхъэзырых, мы Iэнатlэм хиубыдэ Iуэхущ IэхэтмакIэ зэрызэхуэхуэжр, зэрызэдзалажьэр нэхъ гъэхуэду зэтрагъэувэзн хуейщ. Абыхэм я лъэныкъуэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэу къэтлытхэр дз Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и дежи щыIэ Зззы-гъэIу советэр хэплъэн папщIэ едгъэкIащ.

Цыхухэм щыIэныгъэ хэлъмащIэ зэрыхьыжьым, абыхэм я хуитынытэхэр къызэIэпэщIыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхэр зэрызэфIагъэхьащ папщIэ, хэхауэ пщIэ ихуэтщIыкIи, хабзэхъуэм органхэм я унафэщIхэм дечэнджэщыну дыхуейт граждан жылагъуэ IуэхущIэ-гъэIуэ-гъэIуэ зэрыгъэзэжащ. Ди республикэм щыIэ хабзэр къыщIэпхъащ ди Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и дежи щыIэ Зззы-гъэIу советэр хэплъэн папщIэ едгъэкIащ.

Цыхухэм щыIэныгъэ хэлъмащIэ зэрыхьыжьым, абыхэм я хуитынытэхэр къызэIэпэщIыным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхэр зэрызэфIагъэхьащ папщIэ, хэхауэ пщIэ ихуэтщIыкIи, хабзэхъуэм органхэм я унафэщIхэм дечэнджэщыну дыхуейт граждан жылагъуэ Iуэхущ-IэхэтмакIэ зэрызэхуэхуэжр, зэрызэдзалажьэр нэхъ гъэхуэду зэтрагъэувэзн хуейщ. Абыхэм я лъэныкъуэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэу къэтлытхэр дз

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

## Къуэдышхуэ ятынущ е зэхуащIыпэнущ

### зи пIалъэр икIа шхыныгъуэ щащэ тыкуэнхэр

● Сату

**Къэрал Думэм законопроект щIалъхьащ мэ къэзыщта тхъуцIыпIэ, къхъуей, лы, бззжьей, шэ, щатэ фIэIуа, кIэщIу жыпIэмэ, зи пIалъэ икIа ерыскъыхэкIхэр щащэ тыкуэным къуэдыуэ сом мин 700 тельхъэшым е махуэ 90-кIэ зэхущIыным теухуауэ.**

ЗАКОНОПРОЕКТЫР зэхэзылъхьа депутат Беляков Антон зэрыжиIэмкIэ, иджыкIэ къуэдыуэ ирагъэпшын сом мин 20-м щхьэкIэ зыри пхузгъэзэнукъым.

ЕрыскъыхэкI зэрыхъам дауэ зыщытхъумэну? Аxэ тыкуэнхэми бззэрхэми апхуэдизкIэ щыкуэдщи, Iуэхур хабззкIэ умыгъэткIийм, сатуущIхэм езыр-езыру ар пхухьфIадзэнукъым. ЩIыхьфIамыдзэнум и зы щхьэусыгъуэр къэбгъэсэбэныж мыхъуну ерыскъыхэкIэр Iуебгъэшыну, санитар мардэм къыззрыщыгъэлъэгъуам хуэдзу щIэптIэну е бгъэсину зэрылъапIрщ. Аращи, сатур «куит» зэрыхъурэ зы Iэнатlэ къэунэхуащ, зэрыхьар къызэрыбгъэщIэрэщIэжьфынум телажьэу. ИкIи этикеткэр щIэрыпскIэ зэрызэрахъуэкIыр зыми щыщыкъым, мэ къэзыщта лыр, нэкуцIыр зэратхъущ, абыхэм ерыскъыгъуэ зэхуэмыдэхэр къыхащIыкIыу а тыкуэн дыдэм зэрыщащэкъым еплъытмэ.

Ерыскъыр куэдми, абыхэм я уасэм пэмыльэщхэм е зэйыхар пуду къэзыщхуу ары абы къыхащIыкIыр лъапIэу зыщрэхэсм щхьэкIэу къыщIэкIынщ апхуэдэм хуэхха тыкуэнхэр щыIэ щIэхьуар.

КIэлпIейкIэ бжьагъэкIэ къащэхуар ягъэвэж, ягъэжьэж, мэр зы хъуэдхэмкIэ якуэдэри тыкуэнхэм щалъхьэж. Я нэхъ тыкуэныпхуэхэми зраусыгъуэджэркъым къагъэщIэрэщIэжа схыныгъуэхэр.

Законопроектым къыщIагъэлъэгъащ: къэпщэхуауэ унгу иримыхьам и закъуэкъым сатуущIэм жэуап щIахьын хуейр, атIэ псом ягъэу ящэну я мураду дапхъэжьэм тельхэр, щIыIалъэхэм илъхэращ. ИкIи абы щхьэкIэ къуэды ирагъэпшынуну къудейкъым, атIэ ерыскъыгъуэ псом Iуригъэлъэшыну.

Экспертхэм жаIэр (ар дэ тщыщ дэтхэнэ зыми фIыуэ ещIэ) тыкуэным ущыкIуэкIэ псом япэу узэгупсысыр зыкъыкъуэмыгъэгъэпIэнырщ, уи узынщагъэм егуэуэн шхыныгъуэ унэм кIыуамыхьнырщ. Бжьгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, ди къэралым щащэм и процент 80-м фIагъ яIэкъым, узынщагъэмкIэ щIагъуэкъым.

**КОЗЛОВ Наталье.**
*«Российская газета».*

## Лондон зыщегъэпщкIу

### Сирием и президентым и щхьэгъусэ Асад Асмэ

Илъэс 35-рэ зи ныбжь Асмэ мэлыжьыхь маазэм Сириемкиа ирагъ и бынищыр - Хьафез, Зейн, Карим - и гъусэу. ЗэрыуагъэфащэмкIэ, зэщхьэгъусэхэм зыгуэрым нэхъ пасэу кьажриагъ къралыр зэрызехьэм зэрыхуэкIуэр.

Асмэ Сириемрэ Инджьлызымрэ я гражданствэ иIэщ, абы и адэ-анэр Лондон пэгъунэгъуу щопсэу. Асмэ и адэ-анэм я гъусэхъым, абы нэгъуэщI щIыпIэ зыщегъэпщкIу. ЖаIэм тепщIыхьмэ, бзылъхъугэмрэ и бынхэмрэ зыкIи гугъу ехьынукъым: Асад Башар нэхъ пасэуэу абы банкым хухилъхьащ евро мелард 50.

*«Эхо планеты» журнал.*

● Сочэ

## Жыг хасэ

Сочэ къалэм и жыг хадэхэр зыкагъэщIэрэщIэнущ. Къалэ администрацIэм и унафэщI Пахомов Анатолий зыжиIамкIэ, жыгыщIэ мин 60 мы гъэм къэриубыдэу хасэнущ.

«Дендрарий», «Ривьера», «Южные культуры» зыфIаща парксэмкIэ Сочэ цIэрыIуэщ, ауэ Олимпиадэм зыхуэзыгъэхьэзыр къалэр нэхъри ягъэдахэну я мурадщ. Студентхэм жыг хадэ щыхасащ Макаренкэ и цIэр зезыхьэ уэрамым куэкIуэу, Урысейм и дунейпсо олимпиуниверситетым щеджэхэм Художественнэ музеим бгъурылъ щIыIэнэщIым пальмэхэр щыхасащ. Куэд щIакъым Сочэ и тенджыз вокзалым деж балий жыг хадэм гъагъэу зэрыщыщIидзэрэ.

Къалэм жыг щыхэзыгъэсахэм яхэтащ Урысейм и артист, зэрыджьIакIуэ, спортсмен цIэрыIуэхэр.

**СИЗОВ Игорь.**
*«Российская газета».*

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШИРДИЙ Маринэщ.**

## США-р аргуэру дефолтым хуокIуэ

Къэрал щIыхуэр зыхуэдизым и мардэр 1917 гъэм ягъэбелджылауэ щытащ, зэрыгурыIуэгъуэщи, абы пьанджэрэ куэдрэ зихъуэжащ а мардэм. Мы гъэм накьыгъэм и 16-м США-р ебзэкьуа щыхуэу ягъэбелджыла доллар триллион 14,3-м. Абы кьыхэкIыу, къэралым зэуэ щигъэзащ ныкъуэдыкъуэхэм зэрадэпыкьу Фондымрэ къэрал лэжьакIуэхэм я пенсэ Фондымрэ ахъщэ яритынкI. США-м финансхэмкIэ и министр Гайтнер Тимоти конгрессым зыхунгъэзащ мардэм хагъэхъуэну, дефолт къэмыхъун щхьэкIэ. «АрщхьэкIэ конгрессменхэм ядакъым, «Обамэрэ абы и чэнджэщэгъуэхэмрэ къэрал ахъшэр зэрагъэзахуэтэмэ ар къэхъунутэкъым», жаIэри.

Иджы президентым тхьэмахуи 10 иIэу аращ, правительствэм зэфIих IуэхуэхмкIэ мы щытыкIэм къикIынкъымыкIыныжмкIэ. Щыщхьэлу мазэм псори гурыIуэгъуэ хъуну кьаГьытэр.

Экспертхэм зэрыжаIэмкIэ, США-м куэд щIащ кьаIэжьым нэхъри нэжьыбэ -зэрашхрэ-. ЭкономикэмкIэ еджапIэ нэ хъыщхьэм и щIэныгъэ унафэщI Ясин Евгений зэрыжиIэмкIэ, Америкэм иджыри зы зэманкIэ доллар тридзэфынущ, абыкIэ сату, нэгъэщI Iуэ хуэхэри зэфIигъэкIыфынущ, ауэ адрей къэралхэм ар абы хуадэжьынукъым. Уи гъунэгъум щIыхуэ мазэ къэс къеIыпхыу, ауэ иомытыжу куэдрэ кьыпхуидэну? Апхуэдэщ къэралхэри.

Американхэм доллар традзэн щагъэту а ахъшэр дуней нэмэ нэхъ мащIэ щыхъунэ, щIыдагъэм и уасэр схуэхьанущ. Араш США-м кьыщыхъункIэ хъуну дефолтыр Урысейм нэхъыщхьэу кьыззрыжьхэуэнур.

Ябыныкъуэ экспертхэм жаIэр Iуэхур абы намыгъэсыну, конгрессменхэм икIэм-икIэжьым хагъэхъуэну Егъэнхэ абы кьыхIэлъыплъ фызыымрэт, А цIыхубзыр шахмат джэгуфырт. Араш япэу и дэджэгуэгъэ хъуари. ИужькIэ Алихьан ядэджэгун щIидзащ Егъэнхэ кьахуэкIуэ хьэщIэ псоми. Апхуэдэуэрэ итхъэкъуащ, текIуэныгъэм и Iэфlагъыр кьишIащ.

Алихьан куэдрэ щIыхьэрт Пионерэм я унэм. Абы шахмат секцэр зэрызэщильагъуэу яхьыкащ. Къэзыхуэсахэм тельыдж ящIыхьуащ

**Ди гъащIэм экономикэ, политикэ, лъэпкъ Iуэхуэхэр щызэтрихьащи, махуэ къэс къэхъуэгъуэ зэрыгъэзыжырхьым, абыхэм мыкьэнэщхуэ яIэми.**

**Дэ зи гугъу фхуэтщIынур Къэбэрдей-Балъкъэрым и шахматист ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэрщ. Ахэр уэзрыгушхэнщ: зэдэлъхуэзэщыпхъу Егъэнхэм Краков щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым тельыджэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Илъэсибл фIэкIа мыхъуа Алихьан ещанэ увыпIэр къихьащ. Илъэсибгъу ныбжьым и Лиганя нэхъыфIхэу пщIым яхэхуащ. Ар екъулIэныгъэшхэу щ. Ар екъулIэныгъэшхэу щ. ауэ чемпионатым щыIаxэм зыжьэу жаIэ къагъэлъэгъуа дежгуэкIэмкIэ ар нэхъ иныжу щытын хуейуэ.**

### Адэм и ныгъ къыщIыхьат?

Куэдым ягугъэнщ а екъулIэныгъэр кьыхьу икIи егупуу зэрызагъэсам кьыпэкIуауэ. Хьэуэ, псори нэгъуэщIущ кьыззрекIуэкIар. Мы Iуэхум щIэдзапIэ хуэхъуар илъэситху ныбжьым иту Алихьан кьыщысымэджэращ. Мастэ зыхригъэIун идэртэкъым. Адэри, анэри, дохутырри, и шыпхъухэри сыхьат енкIэ яужь итащ ар къагъэдэIуэну, арщхьэкIэ къахутегъэхьажьым. «Уэ уIкIэ, зиунагъэрэ?- зэрыжраIами зыри кьыкIакъым. Апхуэдэу щIыхьм, сабийр къагъэгугъащ зы тельыджэ гуэр къыхуащэхуну. «Сыт?» - щIэупщIащ АлихьанI. «Шахмат», - жиIащ адэм япэу и щхьэм кьихьар. Ар зищIысыр Алихьан ищIэхэртэкъым, арщхьэкIэ псалъэр дахэти, арэзы хъуащ. Махуэ зыбжанэ дэкIыу кьыззрагъэгугъар кьыщыIэрыхьам ар щIегъуэжат - пхъэбгъури абы тетхэри игу ирихьатэкъым. АрщхьэкIэ кьыпхуегъэгъэззжьнутэкъыми, мурад ищIащ джэгуфу зригъэсэну. Унагъуэр зэрыщыту пщэдджьжьхэ къэс зэбгрыкIырт - хэти лэжьакIуэ, хэти еджакIуэ кIуэрт. Кьанэр Алихьанрэ абы кьыкIэлъыплъ фызыымрэт, А цIыхубзыр шахмат джэгуфырт. Аращ япэу и дэджэгуэгъэ хъуари. ИужькIэ Алихьан ядэджэгун щIидзащ Егъэнхэ кьахуэкIуэ хьэщIэ псоми. Апхуэдэуэрэ итхъэкъуащ, текIуэныгъэм и Iэфlагъыр кьишIащ.

Алихьан куэдрэ щIыхьэрт Пионерэм я унэм. Абы шахмат секцэр зэрызэщильагъуэу яхьыкащ. Къэзыхуэсахэм тельыдж ящIыхьуащ кIащ зэрыщыту партиер кьихьэхуным кIуэгурыплI-тху нэхъыбэ имыIэжу. Арати, иубыдыфар ещанэ увыпIэрщ. «ЗэIущIэр ихуа иужь ар кьызэрызэлъэIуар зыщ, - хьэлъэ-хьэлъэу игу кьегъэкIыж Алихьанрэ, аргуэру абы дзэгъэджэгунырщ. Зэрыгурыплуэгъуэщи, чемпионатым хэмыту. АрщхьэкIэ сэ кьызолъытэ псом нэхърэ нэхьыщхьэр медалыр зыхуэдэр армырауэ. Дыкъыщыкьуэжьым Алихьанрэ и тренерымрэ зэдэджэгуащ шахмат пхъэбгъум емыплъу зэрыкIуэкIыж Алихьанрэ зэжраIэурэ. Ар щыхьэт тохъуэ Алихьан зэрыгурыкуэм».

Сэ, дауи, Альберт сеупщIащ апхуэдэ гурыхуагъэр кьыздикIынкIэ хъунумкIэ. «Сэ си адэ, Алихьан и адэшхуэ Полэ гурыхуэ дыдэу щытащ. Абы телевизоркIэ (апхуэдэ нэтынхэри нэхъапэм щыIащ) зригъэщIэфынт нэгъуэщI лъэпкъым и бзэр. Пятигорск нэгъуэщI къэралыбзэхэмкIэ и институтыр кьыщыхэхым сэ зы тхъэмахуэ зэхуакукIэ зыщIыпIэ сыкIуэн хуей хъуат. Къэзгъэнащ франджы грамматикэр. СыкьыщыкIуэжам франджызыбзэм ехьэлIа Iуэху гуэрхэмкIэ дыззныкъуэкъуэн хуей хъуащ. Ар грамматикэм еджа къудейтэкъым, атIэ ар сэ нэхърэ нэхъыфIу ищIэрт», - мэдыхьэщх Альберт.

Арауэ кьыщIэкIынщ «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» щыIажаIэри. Езым сыт щыгъуи кьыхегъащ апхуэдэ гурыхуэгъэм хэкIыжа хуэдэу. Ауэ дэ абыкIэ арэзы дыхъуфынукъым: иджыблагъэ Альберд, ягъэуваш «Росмэкъуэмэшбанкым» и край кьудамэм и унафэщIу.

Сэ Алихьани, Лианни, абыхэм я тренерми сащыхуэзащ Налшык и республикэ шахмат клубым. Лианни Алихьани Iэнкунт. КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щыIэх зиIэ и лэжьакIуэ, категорие нэхъыщхьэ зиIэ тренер Кьармэ Мажмудин сабийхэм я ехьулIэныгъэхэм кIыхьу тепсэлъыхьакъым, нэхъыщхьэр зэуэ кьыхигъэбелджылыкIащ: «Шахматым и лъагапIэм нэсыфмэ, хуабжьу сыгуфIыкIыр. Ар кьаймыхъулIэми, мы джэгуклэр хуабжьу гъащIэм кьащIыхьащхьэпэнущ. Сэ сыхуейщ Алихьанрэ Лианнэрэ зэуэнущ, гъащIэм сыт и лъэныкъуэкIи хэзгъэгу кьэтэджыну. Абы и лъэныкъуэкIэ шахматыр щIэгъэкъуэн хэзгъэхъунущ».

Кьихьыну Iэщ1агъэм теуауэ сшыеупщIым, Алихьан зэуэ жэуап кьызитащ: «Шахматист сыхъуну сыхуейщ». Сэ сыкьыкIыртэкъым: «Ар кьомыхъулIэмэ-щэ?» ЩIалэ цIыкIум, уеблэмэ сызэреупщIар кьыгурыIуэщакъым. ИтIанэ, гупсысэри, жиIащ: президенту. Аргуэру кьызэпIэри щIигъужащ: Урысейм и президенту.

**ПОНОМАРЕНКЭ Валерий.**
*«Аргументы и факты».*

# Налшык щыщIэдзауэ Краков нэс

### КъБР-м шахматымкIэ и сабий командэ кьхъуэхар Урысейм щынэхъыфIщ

Алихьан и джэгуклэр. Тренерыр кьеупщIащ: «Зыбгъэзэн?» Абы и жэуапыр гурыIуэгъуэт.

Ауэрэ Лианни дихьэхащ а джэгуклэм. ИтIанэ адэм кьыжраIащ тренер кьахуищтэу Кастрома щекIуэкIыну Урысей чемпионатым иригъэшну. Ауэ я адэм мурад ищIащ и бынхэм я гъусэу езыр Кастрома кIуэну. «Сэ сыхуейт а тIур а джэгуклэм зэрыхэзагъэр си нэкIэ зззгъэльагъуну», - жеIэ Егъэн Альберт.

А чемпионатым шэч псори пи лъэныкъуэ иригъэзащ. Зэдэлъхуу-зэшыпхъуэм Iэзагъышхуэ кьагъэльагъуащ. Арати, Налшык къэкIуэжа иужь, Альберт хуэзащ республикIэ шахмат клубым и тренер нэхъыщхьэ Кьармэ Мажмудин. Ялпэ зыкъыригъэщри, езы Мажмудин жиIащ тIури игъэсэну зэрыхьэзырыр, абы щыгъуэми пщIэ гуэри яIимыхыу. А щIыкIэм тету нэгъабэ лъандэрэ сабийхэр шахматым нэхъ елэжь хъуащ.

### Лианнэ и текIуэныгъитху

Мы гъэм и щIышылэм тIуми я кIэн кьыщикIащ дунейпсо чемпионатым ягъэкIуэнухэр кьыхахын папщIэ Москва щекIуэкIа зэпеуэм. Аратти, Краков кIуащ. Алихьан илъэсибл, Лианнэ илъэсибгъу мыхъуахэм я гупхэм хэту джэгуащ.

«Сэ, дауи, апхуэдэ Iуэху блэзгъэкIыфынутэкъыми, сабийхэм я гъусэу сыкIуащ, - кьеIуэтэж Альберт. - Ялпэ телъыджэ сщыхьуар Краков и хьэщIэщым цыслъэгъуарщ: Алихьан и шумэданым дэпсу кьыщIэкIащ кIэстумыщIэ, джанэщIэ, галстук - пьедесталым утетын папщIэ узыхуеиныхэр. Абы текIуэныгъэм пасэу зыхуигъэхьэзырауэ кьыщIэкIащ».

АрщхьэкIэ, пэжым ухуеймэ, нэхъ зыщыгугъар Лианнэщ абы теорием нэхъ хищIыкIырт. Хьыджэбз цIыкIур зэкIэлъыкIуэу ятекIуащ и нэкъуэкъуэгъуу тхум. Хэбгъэзыхьмэ, згъэнащ Европэм и чемпионкэ Болгариием щыщыр. Мат хуагъэувыным кIуэгъуэ зытIущ фIэкIа имыIэжу иужьрейм зитын хуей хъуащ. Кьэнахэр абы нэхърэ нэхъ лъэщу кьыщIэкIынутэкъым, арщхьэкIэ мыпхуэдэ зэпеуэ ин нэхъапэм зэрыхэмытар зэран кьыхуэхъуагъэнущ. КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр Лианнэ ихуащ зэрытемыгъэкIуауэ, ауэ ижьрейтIыр, ешагъэнт, иригъэхьэхущ. Дауи, ди жагъуэ мэхъу, ауэ ар щыджэгуар дунейпсо чемпионату зэрыщытыр кьэплъытэмэ, ехьулIэныгъэр белджылы дыдэщ.

### Алихьан и зэфIэкIыр

Алихьан занщIэу цIэрыIуэ хъуащ. ФИДЕ-м и президентым и гъусэу абы чемпионатыр кьыззIуихащ; ягъуэ зэрыкIуэнур жриIэри, абыкIэ бэкъуар езы Илюжинов Кирсанщ. Сабийм и джэгуклэм кьызэхэсасам я нэхъыбэр кIэлъыплъырт.

Зы щыуагъэ закъуэ IэщIэкIащ зэрыщыту партиер кьихьэхуным кIуэгурыплI-тху нэхъыбэ имыIэжу. Арати, иубыдыфар ещанэ увыпIэрщ. «ЗэIущIэр ихуа иужь ар кьызэрызэлъэIуар зыщ, - хьэлъэ-хьэлъэу игу кьегъэкIыж Алихьанрэ, аргуэру абы дзэгъэджэгунырщ. Зэрыгурыплуэгъуэщи, чемпионатым хэмыту. АрщхьэкIэ сэ кьызолъытэ псом нэхърэ нэхьыщхьэр медалыр зыхуэдэр армырауэ. Дыкъыщыкьуэжьым Алихьанрэ и тренерымрэ зэдэджэгуащ шахмат пхъэбгъум емыплъу зэрыкIуэкIыж Алихьанрэ зэжраIэурэ. Ар щыхьэт тохъуэ Алихьан зэрыгурыкуэм».

Сэ, дауи, Альберт сеупщIащ апхуэдэ гурыхуагъэр кьыздикIынкIэ хъунумкIэ. «Сэ си адэ, Алихьан и адэшхуэ Полэ гурыхуэ дыдэу щытащ. Абы телевизоркIэ (апхуэдэ нэтынхэри нэхъапэм щыIащ) зригъэщIэфынт нэгъуэщI лъэпкъым и бзэр. Пятигорск нэгъуэщI къэралыбзэхэмкIэ и институтыр кьыщыхэхым сэ зы тхъэмахуэ зэхуакукIэ зыщIыпIэ сыкIуэн хуей хъуат. Къэзгъэнащ франджы грамматикэр. СыкьыщыкIуэжам франджызыбзэм ехьэлIа Iуэху гуэрхэмкIэ дыззныкъуэкъуэн хуей хъуащ. Ар грамматикэм еджа къудейтэкъым, атIэ ар сэ нэхърэ нэхьыфIу ищIэрт», - мэдыхьэщх Альберт.

Арауэ кьыщIэкIынщ «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» щыIажаIэри. Езым сыт щыгъуи кьыхегъащ апхуэдэ гурыхуэгъэм хэкIыжа хуэдэу. Ауэ дэ абыкIэ арэзы дыхъуфынукъым: иджыблагъэ Альберд, ягъэуваш «Росмэкъуэмэшбанкым» и край кьудамэм и унафэщIу.

Сэ Алихьани, Лианни, абыхэм я тренерми сащыхуэзащ Налшык и республикэ шахмат клубым. Лианни Алихьани Iэнкунт. КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щыIэх зиIэ и лэжьакIуэ, категорие нэхъыщхьэ зиIэ тренер Кьармэ Мажмудин сабийхэм я ехьулIэныгъэхэм кIыхьу тепсэлъыхьакъым, нэхъыщхьэр зэуэ кьыхигъэбелджылыкIащ: «Шахматым и лъагапIэм нэсыфмэ, хуабжьу сыгуфIыкIыр. Ар кьаймыхъулIэми, мы джэгуклэр хуабжьу гъащIэм кьащIыхьащхьэпэнущ. Сэ сыхуейщ Алихьанрэ Лианнэрэ зэуэнущ, гъащIэм сыт и лъэныкъуэкIи хэзгъэгу кьэтэджыну. Абы и лъэныкъуэкIэ шахматыр щIэгъэкъуэн хэзгъэхъунущ».

Кьихьыну Iэщ1агъэм теуауэ сшыеупщIым, Алихьан зэуэ жэуап кьызитащ: «Шахматист сыхъуну сыхуейщ». Сэ сыкьыкIыртэкъым: «Ар кьомыхъулIэмэ-щэ?» ЩIалэ цIыкIум, уеблэмэ сызэреупщIар кьыгурыIуэщакъым. ИтIанэ, гупсысэри, жиIащ: президенту. Аргуэру кьызэпIэри щIигъужащ: Урысейм и президенту.

**ПОНОМАРЕНКЭ Валерий.**
*«Аргументы и факты».*

Егъэн Лианнэ

Егъэн Алихьан

## Иракым дгъэзэжыр пэжу пIэрэ?

**Хамэ къэрал Iуэхуэхмкlэ министр Лавров Сергей Багдад щыIащ. Фигу кьыдогъэкIыж: Садам Хьусейн и тетыгъуэр зэриухрэ, урысей дипломат нэхъыщхьэхэм ящыщ Иракым ихьакъым.**

ЛАВРОВ зы махуэщ абы зэрыщыIар, ауэ я куэдым хунэсащ: ар яхуэзащ Иракым и президентым, премьерым, МИД-м, парламентым, парт нэхъ лъэщхэм я унафэщIхэм.

Дэтхэнэ зэIущIэми Лавров кьыщыжраIащ Иракыр Урысейм кьызэрыщыгугъар. Лавров кьыхигъэщащ дзэр зыхуеинумкIэ зэщIэуэзэдэным теухуауэ лэжьыгъэр яублэжыну, абы кьинэмыщIауэ Иракым Iуэху щызыщIэу щыта урысей компание псоми абы ягъэзэжыну.

- Ди къэралхэр зэдэлэжьэнымкIэ лъэпощхьэпо лъэпкъ зэрыщымыIэр кьыкъэгъэщынут, - жиIащ Иракым и МИД-м и унафэщI Хошияр Зибари.

Пресс-конференцым щыпсалъэкIа министрым щыжиIащ Медведев Дмитрий и тхыгъэ Ирак премьерым къызэрыуишар. «Сыт абы итыр?» - жаIэу журналистхэр кьыщеупщIам: «НэгъуэщIым хуатха письмом укьеджэну фIыкьым. Шэч кьытесхьэркъым абы премьерыр ягъэу кьызэреджэнум», - жэуап итыжащ Лавровым.

Лавров Сергейрэ Хошияр Зибаррэ журналистхэм яIоущIэ.

## Лышхымрэ... жып телефонымрэ

**Узынщагъэр хъуманымкIэ дунейпсо организацием (ВОЗ) иджы ящэу жиIауэ аращ жып телефонхэр цIыхум дежкIэ зэрызэраныр.**

ЖЫП телефонхэм кьапкъыкI «электромагнитная волна» жыхуаIэр цIыхум зэран хуэхъу-хуэмыхъур зэхэзгъэкIынымильэс 20 лъандэрэ щIэныгъэлIхэр яужь итщ. Зэми жаIэрт ар узынщагъэм егуауэу, хэти ар идэрт-тэкIым, хэти кьыльатэрт щхьэкуцIым лыпх узыфэр кьезыгъэуаIэр арауэ. ЖаIэр щIызэтемыхуэм и щхьэусыгъуэр зэм кьэхъуэтэныгъэхэр щIагъуэу зэрымыгъэкIуэкIым, зэми апхуэдэ телефонхэр зыщэхэм я фейдэм тещIыкьауэ зэрыщытым епхат.

ВОЗ-м и ІэщIагъэлIхэм жып телефоныр хабжащ цIыхуу щхьэкуцIым зэран хуэхъухэм. ТелефонымкIэ щыцIасалъэкIэ, хэти ижьымкIэ, хэти сэмэгумкIэ и тхъэкIумэм ирехьэлIэ. Бжьгъэхэм кьызэрагъэлъагъуэмкIэ, нэхъыбэрэ зы ІуЛ лъэныкъуэмкIэщ щхьэкуцIым лыпх узыфэр щыхьхьэр.

Телефоным кьыпкърыкI электромагнитыр апхуэдизкIэ лъэщ дыдэкым, щхьэкуцIым и гъунэгъуэ зэрытIыгъращ псори кьызыхэкIыр.

ІэщIагъэлIхэм кьызэраГъытэмкIэ, япэрауэ, жып телефон сабийм кьызхуэпщIыну щхьэкуцIым (илъэс 12 и ныбжьыр ирикъуэу нэхъ мыхъуми); етIуанэрауэ, телефонкIэ кIыхьу упсалъэ нэхърэ, SMS зэхуэптхмэ нэхъыбIщ.

**ОБРАЗЦОВ Петр.**
*«Российская газета».*

### И улахуэр зыхуегъэмэщIэж

Японием и премьер-министр Наото Кан улахуэ кьищтэнукъым гъатхэпэм и 11-м щIыр щыхьаем зэтрикьута атом электростанцым кьыщыхъу псори я нэIэм щIагъэувжьыу. Ар зэрыпсэунур зэрыдепутатым щхьэкIэ кьрат доллар мини 10-рыр. Премьер-министрым и улахуэр доллар мин 20 мэхъу. Наото Кан япон цIыхубзм елъэIуащ щIыуэпс кьэхъуэкьащIэм и Iуэжь Iейхэм зэращIыкьыумэфам, цIыхухэм гуэвэгъуэ, гугъуехь куэд ягъэвын хуей зэрыхъуам щхьэкIэ.

Япон премьерым жиIащ къэралыр электрокъаруклэ кьызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм хэплъэжьын, нэгъуэщI Iэмалхэм зэхуэсIуэн хуейуэ. Премьерым кьельатэр зэкIэ атом энергием и пIэм ирагъэувэн ямыIэу, икIи абы Японием и экономикэр зэрыщыту тещIыкьауэ. Правительствэм Iуэхущ1эхэр иубзыхуащ щIыр куэдрэ щIыхьэ кьэралым щащхуа атом электростанцхэр шынагъуэншэ ящIыным теухуауэ.

### Ассанж лIыгъэ зэрихьауэ кьалъытэ

WikiLeaks сайтыр кьызззыгъэпэща Ассанж Джулиан «цIыхум и хуитыныгъэр хъумэным теухуауэ зэрихьа лIыгъэм щхьэкIэ» Сиднэй мамырыгъэмкIэ и фондым дыщэ медаль кьыхуигъэфэщащ. А медальым хуэдэ дыдэ ягэпэжкIэ иратат Нельсон Манделэ, Далай-ламэ, Дайсаку Икэдэ сымэ.

Фондым и унафэщI Стюарт Риз жеIэр: «США-р тоталитар къралым и сэфэтым ихьэпауэ, дуней псом унафэ хуищIыну хущIокIу. Абы пощIэуйа цIыхум лIыгъэ зэрихьауэ кьыдольытэр».

Ассанж и Iуэхур иджыри зэхэкIакъым. Абы и хьэкумыр Лондон щащIэнущ бадзэуэгъуэм и 12-м.

*«Эхо планеты» журнал.*

● Мэхъэчкъалэ

### «Урысейм и дыщэ - 2011»

Дагъыстэнми и кьалащхьэм мэкъуауэгъуэм и 7-м щыщIэдзауэ и 12 пщIондэ щагъэльэгъуэнущ ди къэралым щащI дыщэкIэкIхэр. Москва, Санкт-Петербург, Кострома, Ивановэ, Якутием, Ътэрстаным, Уралым щыIэмкIэ, Кавказ Ищхъэрэм я Iэрыкъэр Мэхъэчкъалэ зэрыщагъэльэгъуэнум къинэмыщIауэ, мыбы щекIуэкIынущ зэIущIэ зэхуэмыдэхэр. Iуэхур кьыззэзыгъэпэщащэм кьызэратыжмэз Iашхьэ Iшхьэрэм щыщIэкIэ зэрыщыгъэлъэгъуэнум къинэмыщIауэ, мыбы щекIуэкIынущ зэIущIэ зэхуэмыдэхэр. Iуэхур кьыззз

«Маленький джигит» къэфакIэ гупыр Каринэ псом япэу IущIахэм ящыщщ.

# Iуашхьэмахуэрэ Джомолунгмэрэ зэпызыщIа адыгэ пщащэр Налшык къыщрагъэблэгъэж

*(КIэухыр. Пэщэдзэр 1-нэ нап.).*

ХЪУЭ ХIУ псалъэхэм, удз гъэгъа Iэрамэхэм, и екIуалIэныгъэр нэхъри дзэлIэт щIалэгъуалэм ягъэгушхуа, къагъэжана Каринэ машинэм кърагъэтIысхьри, Налшык къэкIуэж гъуэгум кыIеутващ. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и гъунапкъэм, Тамбукъан гуэлым, деж щыт хьэщIэщым ирагъэблэгъащ гъуэгу тетхэр. Къэбэрдеим кьихьэжа хьыджэбзым аэропортым игу зэрящыхагъэхьэри иджырей кIэ игъуэтатэжьым - Къэбэрдей Адыгэ Хасэм кьыбгъэдэкI адыгэ фащэ екIуп Каринэ тыгъэ хуищащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. ХьэцыкIыМадинэ ида фащэм нэхьри дахэ щ1а хьуКIырт пщащэ зэкIужьыр.

Адыгэхэм я фэепль махуэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьыязрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 щрикъумрэ ирихьэлIэу адыгэ бэракъыр бгы нэхъ льагэ дыдэм щыхэзыхыгъ пщащэм, ар зыгъэзэ адэжанэм яхуэгъэзэа хьуэхьуэкIэр нэхъыжь хэм жаIэху, щIалэгъуалэр кьэфащ, джэгушI, Iуэхур дахэу ирагъэкIуэкIащ. Абдеж щызэдгъэцIыхуащ Каринэ и унагъуэм щIэхэр: и адэ-анэ Юрэрэ Нинэрэ, и щыпхъу Камилэ сымэ. Адэм и льагъуэр кьыхихыжауэ кьыщIэкIащ Каринэ - Юрэ нэхъапэхэм бгы дэкIыныкIэ инструктору щытащ, водолаз-кьегъэлажьIуэщ. Нинэ Лъэпкъ музейм щолажьэ.

- Пасэу, Каринэ иджыри цIыкIу у, гу лыс тат спортым хуабжьу зэрыдихьэхым, - кьыдогуашэ Нинэ. - Абы и кьэухым зезгъэужьхьи, м у рагъ уэр иIэу, абы ж уэпабгъу кьэрэгъэхъуи папщIэ, гупжьей зэхуэмыдэхэм сшэуэ щытащ. Нэхъ кьыдэкIуэтея нэужь, альпинизмыр кьыхиххащ. Ауэ сытым дежи сигъэпIейтэрт и тегушхуэныгъэм - нэхъ гугъу дыдэм, нэхъ льагэ дыдэм, нэхъ жьыжьэ дыдэм щIэхъуэпсу зэрящыт-тым, мурад ямылейхэр зэрызыхуигъэувыжьым. Ауэ Эверест кIуэну щыжиIэм, сыпэрыуакъым. Пщащэ Iэмащ1эльэмащ1эм апхуэдэ гъуэгуанэ зэрызэпимычыфынур акьылкIэ кьызэрыIуэми, Каринэ апхуэдизкIэ ерыщу абы зыхуигъэхьэзырыртри, си фIэщ щхьащ. КъэсакIуэфIхэр зэриIэм, и адэми и чэнджэщхэм зэредIуам, езыр Iэпсымащ1э-льэпсымащ1эу зэрыщытым кьыхуахьауэ кьызэольытэ а екъулIэныгъэр. Сыщогуфыкl хьыджэбзыр апхуэдизрэ зыщ1эхъуэпсар кьызэрехъулIам, мазищкIэ зэпыу имыIэу зызыхуигъэхьэзырам зэрыльпIэIэсам. Апхуэдэуи фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ абы и гуфIэгъуэр дэзыIэт республикэм и унафэщIэм, жылагъуэ зэгъуэхьэныгъэм я тхьэмадэхэм, щIалэгъуалэм.

И анэжьыпхъум и Iуэху зэрыхъуным, щэч ямылъу, иригуэвващ Камили. Абы кьыджиIащ и щыпхъум и тегушхуэныгъэм, зи ужь ихьа Iуэхур зэфIэгъэжIыным ерыщу зэрыпэрытым екъулIэныгъэ кьызэрыхуихьынур и къэгъэхъун папщIэ, гупжьей зэхуэмыдэхэм сшэуэ щытащ. Нэхъ кьыдэкIуэтея нэужь, альпинизмыр кьыхиххащ. Ауэ сытым дежи сигъэпIейтэрт и тегушхуэныгъэм - нэхъ гугъу дыдэм, нэхъ льагэ дыдэм, нэхъ жьыжьэ дыдэм щIэхъуэпсу зэрящыт-тым, мурад ямылейхэр зэрызыхуигъэувыжьым. Ауэ Эверест кIуэну щыжиIэм, льэахэгъухэми кьызэрыдагуэшыр, и спорт екъулIэныгъэм мыхьэнэ зэрыратыр и гуапэ зэрыхъур. Абы фIыщIэ яхуищащ гъуэгуанэ техьэн, и мурадыр кьеХъулIэн папщIэ мылькукIэ зыкъыщIэзыгъэкъуахэм.

Адэкl Iэ утыкур хуит зыхуащIа, КъБР-м спортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министр **АфIэунэ Асльэн** жиIащ Каринэ и екъулIэныгъэр республикэм ис псоми я дежкIэ гуфIэгъуэу зэрыщытыр.

- Хуабжьу дрогушхуэ ди льэпкъэгъу пщащэм и зэфIэкIым, - жиIащ АфIэунэм. - Абы кьыгъэлъэгъуащ адыгэ бзылъхугъэм и кьарур здыкъэсыр, тегушхуэныгъэм кьыпхуихьынкIэ хьуну екъулIэныгъэр зыхуэдизыр, зыхуэбгъэувыжа мурадым ульэIэзыныр зэрыкъыспыщхуэр. Махуэ зыбжанэ и пэкIэ дэ кьедгъэблэгъэжащ Эверест дэкIа Ольмезов Абдул-Хьэлим. Адыгэ пщащэмрэ балькъэр щIалэмрэ Джомолунгмэ и метр 8.400-м деж щызэрихьэлIащ. ТIури дыдейщ, тIуми дагъэгушхуащи, дызэкьуэту хуэхъуэ яхуэдгъэIэт.

Адэкl Iэ псалъэ зрата **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**кьыхихъэщащ Дзэлыкъуэ, Шэрэдж куейхэми, республикэм и щIыпIэ куэдым щыщхэми адыгэ пщащэр Iэтауэ кьызэрырагъэблэгъэжар.

- Урысейм щыщу Эверест и щыгум дэкIа бзылъхугъэхэм я ётхуанэщ Мэз Каринэ, - пищащ Хьэфыщ1э Мухьэмэд. - Абы хуэзэфIэкIам хуэдиз зыльэкIа, уеблэмэ, «Нартэпосым хэтхьым. Зы лъагапIэ кьызэринэкIами, иджыри тIу кьыпIэщылъщ Каринэ: унагъуэ ихьэныр, КъБКъУ-м экономикэмкIэ и факультетыр диплом плъыжькIэ кьыухаци, щIэныгъэхэм я доктор, профессор хъуныр. Аэри кьехьулIау э Тхьэм дигъэльагъу.

Балькъэр щIалэр Эверест къежьжу, адыгэ пщащэр дэкIуейуэ зэлъущIахэщ, гуф1ыкIэ щыщIэзыбдыдэ псалъэ гуапэхэр зэхэрагъащ. Ар и нэщэнэу кьызэольытэ льэпкъ зэныбжьэгъугъэм, зэгурыIуэныгъэм. Апхуэдэ лIыгъэ кьызыкъуэкIын цIыху куэду Тхьэм кьыдит республикэм.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ажахьуэ Кьанщобий** Каринэ шехьуэхъуэм жиIащ цIыхубзхэми цIыхуухьуэми щапхъэ зытрахыпхьэхэм кьаэрыхэхьуар. «Додоклаб» экологие клубым и унафэщI **Мысырджэн МуIэд** кьыхигъэщащ Мэз Каринэ ильэситху хьуауэ зэрящыхур икIи апхуэдэ Iуэхушхуэм и ужь ихьэным тригъэгушхуауи зэрыщытар.

«Лъыхъужьыгъэ зезыхьэ адыгэлIым шы ирату ди хабзэщ ижь-ижьыкIэ льэпдэрэ, - пищащ **Егъэн Ибрэхьим**, утыкум щрагъэблагъэм. - Дэ щыгъуаэз дыхьащ Каринэ шы иIэну куэд щIауэ зэрыхуейм. А и хьуэспсапIэри нобэ нахуапIэ тщIыну ди мурад. Бзылъхугъэми, хахуагъэ кьызэрызыкьуихам щхьэкIэ, КъБР-м и щIалэгъуалэм кьабгъэдэкIыу апхуэдэ тыгъэкIэ дыхуоупсэ».

Мэз Каринэрэ абы и адэ-анэмрэ екъуэхьуащ «Кабардино-Балкарская правда», «Горянка» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Мэз Суканнэрэ Кьаныкьуэ Заринэрэ.**

Мэз Каринэ и щыхькIэ зэхаща концертыр ягъэдэхащ КъБР-м и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ щэрыIуэхэу Хьыжькорокуэ СультIан, Тхьэгъэлэдж Светланэ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым, уэрэдыкIэ театр «Амикс» гупым, нэгъуэщIхэми.

«Адыгэ - уей, уей», «Каринэ - уей, уей» щIалэгъуалэм я джэ макъым кIэ иIэтэкIым а махуэм. Псори ихьэкьуат адыгэ пщащэ Iэдэбым, гумащIэм, зэпIэзэрытым, абы къызэкьуиха лIыгъэм, Льэпкъыр ипэкIэ зыгъэкIуэтэ, и льабжьэр зыгъэбыдэ, и цIэр фIыкIэ щIыжаIэ Iуэху дахэщ Каринэ зригъэхъуIам, и насыпэ нэхьыбэ, и гъуэгу кIыхь Тхьэм ищI!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Минво ды - Тамбукъан - Шэджэм - Налшык.*

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Ажахьуэ Кьанщобий и псалъэ.

Мэз Каринэ Кьэбэрдей-Балкъэрым кьрашэжащ Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, министр АфIэунэ Асльэн, Дзэлыкъуэ куейм и унафэщIым и япэ кьуэдзэ ЗекIуэрей Алий сымэ.

Каринэ Шэджэм кьалэм кьыщофэ.

Иджырей адыгэ тхьэдым и напэкIуэцI нэхъ дахэхэм кьыкьащ Мэз Каринэ кьигъэльэгъуа зэфIэкIыр.
*Сурэтхэр* КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

# Къатинэ МуIэзин ХъуатIэ и къуэр

«Налшык» курорт» акционер обществэ зэIухам и лэжьакIуэхэм зэщIыхьэ ящыхъуащ мы курортым ильэс куэдкIэ щылтэжьа, Хэку зауэшхуэм хэта, Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, Вагъуэ Пльыжь орденыр, «Зауэ IэнатIэм щIа фIыщIэм папщIэ» медалыр зыхуагъэфэща Къатинэ МуIэзин ХъуатIэ и къуэр дунейм зэрехьжар.

Къатинэ МуIэзин Арщыдан къуажэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэм 1923 гъэм кьыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм щыщIидза япэ махуэхэм щегъэжьауэ ар дзэм хэтащ, Геленджик къалэм пэгъуэгъу бгы щхьэдэхыпIэм бийм и танкэм щагъэщIэтащ. ИужькIэ Къатинэр Украинэм щызэуащ. Чехословакиер хуит къэзыщыжьахэм яхэтащ.

Зауэр ихуа нэужь, зы илъэс дэкIауэ, Къатинэ МуIэзин дзэм кьыхэкIыжри Къэбэрдей-Балкъэрым кьигъэзэжащ. Абдеж щегъэжьауэ узынщагъэр хъумэныкIэ IэнатIэм пэрытащ, япэ щыкIэ Дзэлыкъуэ сымаджэщым и унафэщIу, нэхъ иужькIэ Дзэлыкъуэ, Тэрч районэм я исполкомхэм узынщагъэр хъумэныкIэ я кьудамэхэм я тхьэмадзу. Илъэс 13-кIэ республикэм и медицинэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и обкомым и Iэтащхьэу щытащ, иужькIэ, пенсэм кIуэху, «Лебедь» пансионатым, «Кхъужьей хадэ» санаторэм я унафэщIу лэжьащ.

Лэжьигъэ IэнатIэм кьыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ Къатинэ МуIэзин «Октябрь Революцэ», «ЩIыхь Дамыгъэ» орденхэр, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъу тху кьратащ. А щIыху гъуэзджэр кьыдэлэжьахэмрэ зыщIыхуу щытахэмрэ зэи ящыгъупщэнкъым.

# Къаздэхъу зэкъуэшхэм я жэрдэмкIэ

Бэнэкlэ хуит

**Исльэмей къуажэм дэт «Вымпел» спорт клубым Сабийкэр хъумэным и дунейпсо махуэм теухуауэ щрагъэкуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ Бахъэсэн куейм и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Исльэмей, ХьэтIохъущыкъуей, Кыщпэк къуажэхэм, Бахъ-сэн къаладэм дэт спорт клубхэм я бэнакIуэу 150-рэ.**

БЭНАКIУЭХЭР гуп 15-у гуэшауэ щытащ. Я хьэльэгъым елъытауэ щыбэна гупым япэ увыпIэхэр кьыщахьащ «Вымпел» спорт клубым и гъэсанхэу Улымбащ Асльэнбэч, Къыльлъыкъуэ Исльам, Ныр Ренат, Тхьэкъуахъуэ Альберт, Тхьэкъуахъуэ Арсен, Къэбардэ СультIан, Тхьэкъуахъуэ Мухьэмэд, ХьэтIохъущыкъуей къуажэм и лIыкIуэхэу Сыжажэ Ренат, Тезадэ Муратрэ, Исльэмей дэт Сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гъэнэхуэу Къунышъ Роберт, Хьэмжу Асльэн, Къунышъ Аскэр сымэ. Нэхъ хьэлъэ дыдэхэм я зэбэнчэ (кг 120-рэ) щытекIуащ «Вымпел»-м и бэнакIуэ Мэрэшэнкъуэ Азэмэт. Гуп зэхьэзэхуэми бжьыпэр щызыбыдар а спорт Iуэхуащ1апIэм и гъэсэнхэрщ.

Зэпеуэ нэужьым спортсменхэмрэ хьэщIэхэмрэ саугъэтхэр иратащ. ТекIуахэм кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр, апхуэдэуи жып телефонхэмрэ Къаздэхъу зэкъуэшхэу Асльэнрэ Азэмэтрэ кьыдагъэкIа ЛьаГэу дэлъеинымкIэ япэ увыпIэр къихьащ, спартакиадэм и кIэухым хэтыныхэм яхэхуащ АкIменкэ Михаил (тренерыр Телепиныр щ). А зэпеуэм етIуанэ щыхьащ Доценкэ Антон. А увыпIэ дыдэр зыIрагъахьащ Прохладнэ щыщ стайер Погребняк Сергей, льагэу дэлъейхэм ящыщ Назаренкэ Екатеринэ, эстафетэ къэжэныкIэ КъБР-м и командэ кьыхэар. Ядро дзыныкIэ жэз медаль кьихьащ Семеновэ Екатеринэ.

Зэпеуэм кьрикIуахэмкIэ КъБР-м и командэ кьыхэхар ещанэщ. Япэ, етIуанэ увыпIэхэр эдгагъэщащ Ставрополь краймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я лIыкIуэхэм. Иджы япэ дыдэу Урысейм и школакIуэхэм я спартакиадэм и кIэух зэIущIэм хэтынущ атлетикэ псынщIэмкIэ Прохладнэ школым и гъэсанхэу Добренький Александр, Ежов Денис, Акименкэ Михаил, Шаповаленкэ Ангелинэ, Исковская Валерие сымэ.

**ТЕРКЪУЛ Мартин.**

## Атлетикэ псынщIэ

# КIэух зэхьэзэхуэм хэтынухэр

**Урысейм и еджакIуэхэм атлетикэ псынщIэмкIэ я гъэмахуэ спартакиадэм и ещанэ зэхьэзэхуэр Сочэ щекIуэкIащ. Зэпеуэ гуашIэм хэтащ Кавказ Ищ1э, Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъхъэм я спортсмен 250-рэ. КъБР-м и команд кьыхэхам хэтащ Прохладнэм и спортсмен 15.**

СЫТ ЩЫГъУИ хуэдэу, метри 110-рэ къэжьыным щытекIуащ Телепин Валентин и гъэсэн Ежов Денис. Абы спортым и мастерым и кандидатым и зэфIэкIым ефIэкI марадж и игъэзащIэри, япэ увыпIэмрэ кIэух зэпеуэм хэтынымрэ зыIэригъэхьащ. Денис зыкьыкIэригъэхуакъым Хирьянов Вячеслав и гъэсэн Шаповленкэ Ангелинэ.

## ХъыбарегъащIэ

# Лъэпкъ студием щIэтIысхьэхэм папщIэ

Мэкъуаугъуэм и 16 - 17-хэм сыхьэт 11-м щегъэжьауэ 17-м нэсыху Щоджэн щыIкIу Алий и щIэр зезыхьэ Кьэбэрдей кьэрал драмэ театрым щахуэзэнчу нкIи чэнджэщхэр щратынущ адыгэ студием драмэ театрым и актер, режиссер ЕщIагъэзэжмкIэ щIэтIысхьэхэм. КъекIуалIэхэм паспортхэр яIыгъын хуейщ.

ЕджапIэм зэрыщIэтIысхьэ щыкIэм теухуа хьыбарым нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуаз зыщыхуэфащ хьуну КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и www.mkkbr.ru сайтым. Телефонхэр:
**8 (8662) 47-23-68, 40-22-35.**

***Ди газетым и кьыкIэльыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур мэкъуаугъуэм и 11-рщ.***

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Жылаев Заурбэч**(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Исэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**

**ДИ ХЭЩIАПIЭР**

**360030, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ-нэ къатхэр.**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36;обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлъэхьнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.**

**Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр эятехуэ зиныт щыгъыкым.**

**Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и щIэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ нобэ зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**

**Тел.: 76-01-28, 76-01-10.**

**Газетыр щыныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34**

**Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьудокI.**

**«Тетраграф» ООО-м щыградзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.**

***Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:*** **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 4, 5-нэ нап.)* ПхъитIыкI Юрэ *(1, 3, 6-нэ нап.)*, корректорэм я дзэпкьыхуэгъу Бэтiитi Марьят, *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, ГъукIэл Рае, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.**

**Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 10.025 ● Заказ №1543**